


Malarya, lafyèv deng, ak lòt maladi moustik bay

Marengwen yo pote anpil maladi, epi yo mache bay moun maladi sa yo lè yo pike moun. Klima sou latè ap chanje; sa fè tan an vin pi cho, epi vin gen plis lapli. Sa fè marengwen yo peple pi plis toujou.

Genyen plizyè kalite marengwen — gen kèk ki peple nan dlo k ap domi, kèk lòt ki peple nan dlo lapli ak nan dlo moun sere pou yo bwè l. Genyen marengwen ki pike moun lannuit, epi gen lòt ki pike lajounen. Genyen marengwen se moun sèlman yo bay maladi, epi gen lòt yo ki ka bay bèt maladi tou.



Lè marengwen yo pike moun, y ap simen maladi

Viris marengwen yo pote. Anpil maladi moun pran lè marengwen yo pike moun, yo soti nan viris. Menm jan ak anpil maladi ki soti nan viris yo, depi yon moun refè, li vin pwoteje, epi menm maladi a pa p tounen sou li yon lòt fwa. Men gen viris, tankou viris lafyèv deng, ki se yon viris ki gen plizyè fòm (serotype, sa vle di chak fòm viris ki bay lafyèv deng nan yon ti kras diferan pa rapò ak lòt yo). Si yon moun te gen lafyèv deng, menm si li refè, li ka pran lafyèv sa a ankò. Sepandan, si lafyèv deng tounen sou li yon dezyèm fwa, maladi a ka pi grav toujou.

Lè gen anpil moun nan yon kominote ki deja pran yon viris, chak moun pwoteje. Pa p gen anpil moun ki tonbe malad, epi maladi a ka sanble disparèt. Men lè gen timoun ki fèt epi moun ki pa t pran maladi sa a rive nan kominote a, viris la ka frappe ankò. Konsa, ka gen ane kote ka maladi sa a parèt anpil, epi ane kote nou prèske pa wè maladi a. Poutèt sa tou, si yon nouvo viris rive nan yon zòn kote ki pa gen moun ki te genyen li deja, va gen anpil moun ki tonbe malad nan menm tan an.

Parazit ki soti nan marengwen. Se yon ti parazit tou piti ki bay maladi malarya. Yo fouye kò yo nan selil san yo, epi yo viv anndan selil yo. Lè yon marengwen ki gen parazit la pike nou, li mete parazit yo nan san nou. Depi li mete yo nan kò nou, yo bay yon maladi ki ale vini pandan anpil ane, sòf si moun nan pran medikaman ki bon pou touye parazit sa yo. Depi yon moun fè anpil ane ap viv kote ki gen anpil ka malarya, li pa fasil tonbe sitelman malad ankò, paske kò a gen tan aprann defann tèt li kont parazit yo. Men se pou nou chache pwoteje fanm ki gwo vant, tibebe, ak timoun piti, paske yo ka pran malarya pi fasil, epi maladi a pi rèd pou yo.

Ki jan maladi yo gaye. Lè se marengwen ki fè yon maladi gaye, yon moun pa p kapab bay yon lòt moun maladi a, menm si yo abite menm kote a oubyen yo touche youn ak lòt la. Men lè yon marengwen pike yon moun malad, li souse parazit malarya ki nan san moun malad la. Apre sa, lè li al pike yon lòt moun, li mete parazit sa yo nan kò lòt moun nan. Konsa moun nan menm fanmi an ak vwazen yo konn tonbe malad youn apre lòt. Si nou konprann ki jan marengwen yo gaye maladi (paj 19), li va ede nou konprann tou ki jan nou ka pwoteje kò nou pou marengwen pa ban nou maladi.



Marengwen yo simen maladi tankou lafyèv deng ak malarya. Men marengwen yo pa kapab gaye VIH/ SIDA!

Menm si se marengwen ki gaye maladi Zika, moun ka pran l nan fè bagay tou. Maladi Zika se yon ti maladi pou detwa jou, men si yon fanm ki gwo vant pran li, tibebe a ka fèt ak yon gran donmaj. Pwoteje fanm ansent yo; pa kite marengwen pike yo, epi sèvi ak kapòt (paj 13 – 14).

Siy ki fè nou rekonèt maladi marengwen bay yo



Malarya, lafyèv jòn, Zika, chikoungounya, viris Nil lwès, ak anflamasyon sèvo japonèz (ansefalit) yo tout se maladi marengwen ap mache bay moun. Yon maladi ka grav, oubyen li ka pa twò grav. Maladi sa yo fasil bay lafyèv, gratèl, ak kò fè mal. Yon moun ka soufri ak plis pase yon viris nan menm tan. Siy maladi a ede nou rekonèt diferans ant maladi yo, men li ka difisil pou rekonèt ki maladi li ye. Otorite Sèvis Sante yo ka konnen ki maladi ki kouran nan zòn pa nou.

Ki maladi li ye?

? Eske malad la gen lafyèv?

- ➔ Maladi a komanse ak lafyèv, epi frison, lè fini, lafyèv la tounen sou li ankò. Nou wè sa fasil ak malarya. Lafyèv deng ak lafyèv jòn tou de ka bay frison, mete sou sa, lafyèv tou.
- ➔ Lafyèv pran li sanzatann, li bay tèt ak kò fè mal. Se konsa lafyèv jòn ak lafyèv deng konn mete pye. Anflamasyon sèvo japonèz ka mete pye ak yon lafyèv konsa tou.
- ➔ Lafyèv deng ak chikoungounya konn bay yon lafyèv cho, 38.5° (101°F) oubyen pi wo toujou. Maladi Zika konn bay yon lafyèv ki pa twò cho, pi ba pase 38.5° (101°F).
- ➔ Anpil maladi konn bay lafyèv. Al gade nan Ki jan pou nou egzaminen Moun Malad, (chapit la poko ekri) pou chache konnen plis sou lafyèv, epi al gade nan chapit Ki jan pou nou okipe Timoun pou chache konnen plis sou maladi timoun ki bay lafyèv.

? Eske li gen gratèl?

- ➔ Zika ka byen fasil bay gratèl, epi li kouran avèk chikoungounya, lafyèv deng, e viris Nil lwès. Malarya, lafyèv jòn, oubyen anflamasyon sèvo japonèz pa fasil bay gratèl.
- ➔ Lawoujòl oubyen lòt maladi ki kouran ki pa soti nan piki marengwen ka bay gratèl tou.

? Eske malad la gen kò fè mal, doulè nan zo ak nan jwenti li yo?

- ➔ Lafyèv deng, chikoungounya, ak Zika fasil bay doulè ak kò fè mal. Malarya pa fasil bay kò fè mal. Lafyèv deng fasil bay doulè nan zo oubyen nan vyann nan; chikoungounya pi fasil bay doulè ak anflamasyon nan jwenti.
- ➔ Yon moun ki gen jwenti fè mal ka byen soufri ak yon lòt maladi ki pa soti nan piki marengwen, ni nan viris tik.

? Eske li gen je wouj; eske je li yo pike l'?

- ➔ Maladi Zika konn fè je malad la pike l', epi gen de fwa chikoungounya ak lafyèv jòn ka bay menm pwoblèm.
-

Siy ki montre gen danje nan maladi moustik bay, ki mande pou jwenn swen prese prese

- Malarya ki grav, viris Nil lwès ki grav, ak anflamasyon sèvo japonèz ki grav, yo tout ka bay malad la kriz epi fè li pèdi konnesans.
- Si yon malad ap bay san anndan kò a, oubyen nan bouch, jansiv, nen, je, oubyen po, se ka lafyèv jòn ki grav, oubyen lafyèv deng ki grav ki lakòz sa. Veye pou wè si li pa fè siy pou chòk: po a vin frèt, tansyon an ap desann, epi kè a ap bat vit (chapit Premye Swen, paj 11). Si vant malad la anfle, se ka yon siy l ap bay san anndan kò a.

Si lafyèv la pre rive 40° (104°F), al wè yon ajan sante. Si li pi wo toujou, se yon ka ijan.

Fòk nou al wè yon ajan sante si se yon fanm ansent ki bay siy malarya, si nou sispèk yon tibebe te pran yon maladi marengwen ka bay, oubyen si se yon ti granmoun oubyen yon moun ki gen gwo pwoblèm sante. Si malad la soufri ak kò fè mal pandan plis pase 15 jou, oubyen si li gen gwo fèblès, pikotman, oubyen li pa ka santi anyen nan janm, bra, oubyen figi li, al wè yon ajan sante. Se ka sendwòm Giyen bare (*Guillain-Barré*), yon maladi grav ki ka mete pye lè yon moun gen yon maladi moustik bay. Li mande pou trete nan lopital.

Ak ki kalite maladi marengwen bay n ap soufri, epi ki sa pou nou fè?

Paske siy maladi yo sanble youn ak lòt, li difisil pou konnen san dout ak ki maladi yon moun ap soufri. Si se ka malarya, fè yon analiz pou malarya san pèdi tan; konsa moun nan ka kòmanse swiv tretman touswit. Se pi enpòtan si se yon fanm ki gwo vant, yon moun ki tou jenn oubyen ki antre nan laj, oubyen yon moun ki gen VIH/SIDA. Si yon fanm panse li te ka pran maladi Zika, li gen dwa tann e pa eseye al fè pitit, jis li fin refè. Zika ka yon danje pou fanm ki gwo vant (paj 13).

Si maladi a pa twò grav, menm si nou pa fin konnen ki maladi li ye (paj 10), malad la dwe bwè anpil likid, poze kò li, epi pran parasetamòl. Si l ap vin pi mal toujou oubyen li pa p refè, al konsilte yon ajan sante.

Si nou mete ajan sante yo ak moun ki responsab sante yo okouran de ki moun, ak konbyen moun ki malad, sa ap ede yo konnen ki lè yo gen pou travay ak tout kominote a pou debarase yo ak marengwen (paj 18).

Ki jan pou nou evite pran maladi moustik bay


Kote ki gen lafyèv jòn (paj 12) oubyen anflamasyon sèvo japonèz (paj 17), nou ka evite pran maladi sa yo si nou vaksinen timoun ak granmoun yo. Kote yo sèvi ak ensektisid (pwazon ki pou touye ti bèt ak zèl) fè atansyon lè n ap sèvi ak yo, paske ensektisid yo ka donmaje moun ak anviwònman an (paj 21 – 22). Li ka pi bon epi li ka mache pi byen, si nou sèvi ak lòt metòd pou anpeche marengwen pike moun (paj 19 – 20), epi anpeche marengwen peple (paj 23).



Pou evite pran maladi, debarase katye a ak tout kote ou wè marengwen kapab peple, epi byen kouvri tout veso dlo pou marengwen yo pa ka antre.

Malarya

Se yon parasit ki rele plasmodyòm (*Plasmodium*) ki bay moun maladi malarya. Se yon marengwen ki rele anofèl (*Anophèles*) ki konn pike moun lannuit, ki bay moun li. Pifò ka malarya senp (san konplikasyon) bay lafyèb ak frison ki ale vini pandan kèk jou; yo dezagreyab, men, si nou trete maladi a, yo al fè wout yo nan detwa jou. Men, si nou pa trete l, li ka vit tounen pi mal. Yo rele sa malarya ki grav. Nan zòn kote ki gen malarya, si moun gen lafyèb san yo pa konnen pouki sa, yo dwe ale nan yon sant sante pou fè yon analiz san. Si rezilta analiz la fè konnen se malarya, oubyen si yo pa ka fè analiz la, men ajan sante yo kwè se malarya, kòmanse trètman malarya san pèdi tan.



Yon marengwen ki bay malarya ka gen zèl zenga.

Genyen diferan kalite parazit ki bay diferan kalite malarya, tankou falsiparoum, vivaks (*falciparum*, *vivax*), ak lòt. Otorite Sèvis Sante Piblik yo dwe konnen ki kalite malarya ki nan zòn kote nou rete a, epi ki medikaman ki pi efikas (paj 29 – 44). San medikaman, malarya ka tounen sou moun anpil fwa, paske parazit yo rete nan kò yon moun. Medikaman yo ap ede yon malad refè paske yo touye parazit yo,

Malarya se gwo danje pou tibebe, timoun ki poko gen 5 ane, fanm ansent, ak moun ki gen VIH/SIDA. Lè gwosès, VIH/SIDA, oubyen yon lòt maladi anpeche kò a defann tèt li kont maladi, yo ka pran malarya pi fasil, oubyen yo gen pi gwo chans pou yo pran yon kalite malarya ki grav.


Malarya senp

Yon siy malarya nou wè pi fasil se yon lafyèb frison ki ale vini. Gen de fwa moun nan swe lè lafyèb la ap desann. Epoutan, anpil ka malarya pa swiv modèl sa a. Genyen lòt siy ki kouran, men se pa tout moun ki bay siy sa yo, mete sou sa, yo se siy lòt maladi tou.

SIY MALARYA SENP

- Ti lafyèb, men li konn bay yon lafyèb cho, 39° (102°F) oubyen pi wo.
- Frison epi swè
- Maltèt, tout kò a ap fè mal
- Anvi vomi, vomisman, bouch li amè
- Po a vin blenm, li fèb paske san li tounen dlo
- Ti lajonis (blan je li yo tounen koulè jòn, ak po yon moun ki gen po koulè klè)
- Gwo larat (yon ajan sante ka remake l lè li egzaminen vant lan.

Nou ka fè yon egzamen san pou konnen si yon moun gen malarya oubyen non. Genyen analiz pou malarya ki mande pou sèvi ak yon mikwoskòp, men anpil ajann sante gen twous ki pou fè analiz rapid; analiz sa a mande yon sèl gout san. Paske malarya ki pa trete ka bay lafyèv frison plizyè fwa pandan kèk ane, mande si moun nan gen tan montre menm siy yo nan mwa ki fèk pase yo.



Analiz rapid pou malarya mande yon sèl gout san. Si moun nan deja ap pran medikaman pou trete malarya, analiz la ka pa bay rezilta ki kòrèk.

KI JAN POU NOU TRETE MALARYA SENP

Kòmanse ba li medikaman ki bon pou trete malarya (paj 29 – 44) kou nou wè rezilta analiz an pozitif, oubyen nou pa ka fè yon analiz, men nou kwè se malarya. Nan zòn kote ki gen malarya falsiparoum (falciparum) li enpòtan anpil pou nou mete yon moun anba remèd san pèdi tan. Paske se marengwen ki simen maladi a, nou ka anpeche lòt moun pran maladi a si nou trete moun malad yo.

Chache konnen bò kote otorite Sèvis Sante Piblik yo ki medikaman ki ka bon pou trete malarya nan zòn pa nou. Genyen anpil zòn kote malarya vin gen yon fòs pou kenbe tèt ak medikaman ki te konn trete l. Sa vle di, medikaman ki te bon pou anpeche oubyen trete malarya yo vin pa ka fè anyen sou maladi a. Medikaman ki ka geri malarya nan yon zòn ka pa geri l nan yon lòt zòn.


Yon moun k ap souffri ak malarya gen pou poze kò li, epi bwè dlo pwòp, soup, ak sewòm oral si li gen lafyèv, vomisman, oubyen dyare.

ATANSYON! Pran tout medikaman ou gen pou bwè, pandan tout jou yo di ou pou bwè yo, menm si ou santi ou refè. Si ou pa p pran tout medikaman ou yo, malarya ka tounen sou ou, epi lè sa a, medikaman yo ka pa fè anyen pou ou.



Fanm nan ki pran tout medikaman li yo gen tan refè.

Fanm nan ki pa t fin pran tout medikaman li yo ap kouche malad toujou.



Anemi (san pòv, fèblès) pandan gwosès, epi kay timoun

Youn nan danje ki gen nan malarya se ke li bay anemi (san yon moun tounen dlo). Anemi a donmaje san yon moun; sa fè li pi difisil pou san an pote fòtifyan yo nan tout kò a. Siy ki ka fè nou rekòtè anemi se: moun nan bouke, li fèb, epi souf li anlè. Anemi malfezan sitou pou fanm ki gwo vant ak pou timoun piti. Anemi ki vini ak malarya pandan gwosès la ka fè tibebe a fèt anvan lè epi fè l fèt twò piti; an plis, se pi gwo danje pou manman an si li bay san nan moman akouchman an.

Gen de fwa malarya pa bay lafyè, frison, oubyen lòt siy ki fè nou konnen moun nan malad. Men si yon timoun oubyen yon fanm ansent fè anemi, epi gen malarya nan zòn nan, fè yon egzamen pou malarya. Si yon moun fè anemi paske li pa t manje ase manje ki gen *fer* (fè) ladan yo, lè li kòmanse manje kalite manje sa yo, sa ap ede nan trete anemi. Men si se malarya ki bay anemi, fòk nou bay medikaman pou trete malarya pi vit ke posibil, pou anemi a pa vin pi grav, epi pou li pa fè plis donmaj toujou.

Kote ki gen anpil malarya, nou ka bay fanm ansent **sulfadoxine** (silfadoksin) ansanm ak **pyrimethamine** (pirimetamin) pou yo pa pran malarya. Souvan yo bay yo lè fanm nan vin nan klinik la pou fè vizit kontwòl pandan gwosès la. Pa bay medikaman sa yo pandan premye 3 mwa gwosès la, men apre sa, bay yo pou pi piti 3 fwa pandan gwosès la (paj 36).

SIY KI FÈ NOU REKONÈT ANEMI

- ansiv li blanch, anndan po je li yo blanch
- Li fèb
- Toutan li bouke
- Tèt li vire
- Souf li kout
- Kè li bat vit

Yo fè yon analiz san pou wè si se anemi.



Malarya ki grav

Malarya ki grav ka mete pye lè nou manke trete yon malarya senp, oubyen nou pa t trete l' ase vit. Si se parazit plasmodyòm falsiparoum (*Plasmodium falciparum*) ki bay malarya, li pi fasil bay yon maladi ki grav. Yon moun ki souffri ak malarya ki grav mande pou trete ak yon swen espesyal nan lopital oubyen nan yon klinik. Malarya ka touye yon moun nan youn oubyen de (2) jou, sitou si li gaye nan sèvo a; yo rele sa «malarya serebral».

SIY MALARYA KI GRAV KI FÈ NOU KONNEN GEN DANJE

- Li twò fèb pou l ka chita oubyen kanpe debou, toutan li anvi domi
- Li bwouye, li fè kriz, oubyen li pèdi konnesans
- Li vomi plizyè fwa, li pa ka bwè ni li pa ka tete
- Souf li anlè, oubyen souf li kout
- Tansyon li desann oubyen li fè lòt siy pou chòk (chapit Premye swen, paj 11)
- Pipi a gen koulè fonsè, lè ren li yo kòmanse febli; li pa pipi anpil

Ajan sante yo ka fè analiz san ak pipi pou tyeke si gen :

- Anemi (san tounen dlo)
- San nan pipi a
- Kantite sik (glikoz) ki nan san an twò ba

KI JAN POU TRETE MALARYA KI GRAV

Pou granmoun ak timoun ki souffri ak malarya ki grav, yon ajan sante, ki gen bon jan fòmasyon, dwe bay **artésunate** (atesinat) nan venn (IV) oubyen nan piki nan vyann (IM), pandan 24 èdtan oubyen plis. Si nou pa pre yon lopital oubyen yon moun ki kapab bay trètman sa a, petèt genyen yon ajan sante nan kominote a ki gen fòmasyon e medikaman toulede ansanm, epi li ka bay piki **artésunate** oubyen **quinine** (kinin) pandan nou nan wout pou al lopital. Si pa gen **artésunate** ki pou bay nan piki, pou timoun ki poko gen 6 ane, nou ka ba yo kapsil **artésunate** nan dèyè li (paj 38). Trètman an ijans pa p geri malarya. Lè nou fin trete kriz maladi a, fòk nou ba li lòt medikaman nan bouch pou 3 jou oubyen plis.

KI JAN POU NOU EVITE PRAN MALARYA

Gen de fwa, pou evite pran malarya, yo sèvi ak medikaman ki bon pou trete malarya. Genyen de peyi kote li enpòtan pou fanm ansent pran medikaman pandan dènnye 6 mwa gwosès la, pou anpeche yo pran malarya; al gade nan **sulfadoxine + pyrimethamine** (silfadoksisin + pirimetamin, paj 36). Nan peyi kote ki gen malarya sèlman nan tan lapli, yo ka monte yon pwogram pou bay timoun medikaman sèlman nan tan ane a. Moun ki vwayaje al nan yon zòn kote malarya kouran ka evite trape l si yo pran yon medikaman yon fwa nan yon jou oubyen yon fwa chak 8 jou. Sa depann de zòn nan ak medikaman an. Yo sou wout devlope yon vaksen ki pou anpeche malarya; nou gen dwa jwenn youn pi devan.

Youn nan pi bon fason pou evite pran malarya se pou moun dòmi anba moustikè. Yo trete moustikè sa yo ak youn oubyen 2 ensektisid (pwazon ki pou touye ti bèt ak zèl), ki prèske san danje, sitou lè nou konpare sa ak danje ki gen nan maladi malarya a. Chache konnen plis sou ki jan moustikè anpeche moun pran malarya ak lòt maladi marengwen bay (paj 20).

Kote yo bay moustikè kado ki trete ak ensektisid, epi yo fòm travayè yo pou flite anndan kay yo (paj 22), si gen ase fanmi ki kole zepòl ansanm, yo ka rive mete yon fen ak maladi malarya a. Nou ka anpeche marengwen yo peple, oubyen anpeche ze yo eksploze (paj 23). Si marengwen yo pa ka pike moun, yo pa ka simen maladi a (paj 19 – 20).




Marengwen ki bay malarya yo pike lannuit. Pou evite pran malarya, domi anba yon moustikè ki trete ak yon ensektisid.



Lamizè ak lenjistis pèmèt malarya gaye. Si moun pa gen posiblite pou yo pwoteje tèt yo kont malarya, y ap pran enfeksyon an; konsa marengwen yo ki nan katye a ka al bay lòt moun maladi a tou. Pou nou kapab evite epi trete maladi malarya, tout moun gen dwa jwenn moustikè, fè egzamen pou malarya, jwenn medikaman, epi chache mwayen ki pou anpeche marengwen yo peple.

Lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, ak chikoungounya

Lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, ak chikoungounya se maladi diferan yo ye; se yon viris diferan ki lakòz chak maladi sa yo. Marengwen ki simen maladi sa yo gen rèl ak ti boul koulè blan oubyen dore, epi pat yo gen rèl tou. Pami yo se marengwen lafyèv jòn (*Aedes aegypti*) epi marengwen tig azyatik (*Aedes albopictus*). Yo konn pike moun lajounen, sitou granmaten epi nan fen apremidi. Yo peple kote moun sere dlo, epi nenpòt kote ki gen dlo k ap dòmi. Marengwen sa yo rete anndan kay moun oubyen tou pre; yo al kache kò yo nan fènwa, tankou anba tab oubyen anba kabann yo, oubyen nan kwen kote ki pa gen limyè. Li ka difisil pou konnen ki viris k ap bay maladi a, si gen Zika, lafyèv deng, ak chikoungounya, sa vle di toule twa kalite lafyèv sa yo nan menm zòn nan.



Moustik sa yo ka bay anpil maladi. Yo gen rèl nan pat yo.

Chache konnen ki siy ki pi kouran pou lafyèv deng (paj 11), lafyèv jòn (paj 12), Zika (paj 13), epi chikoungounya (paj 15). Tout maladi sa yo ka bay lafyèv ak kò fè mal. Men gen moun ki pa fè okenn siy ditou. Si yo pa fè yon analiz san ki fè konnen yo te pran maladi a, yo ka menm pa konnen yo te pran li. Men menm si nou pa wè okenn siy maladi, si marengwen yo pike nou, lè yo al pike lòt moun, yo va bay lòt moun maladi a.

Se prèske menm trètman an pou maladi lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, ak chikoungounya

Pi souvan nou trete maladi sa yo lakay. Men tibebe, ti granmoun oubyen moun ki gen VIH/SIDA, oubyen ki bay siy ki montre gen danje, tankou lafyèv cho ki pi wo pase 40° (104° F), yo dwe al wè yon ajan sante.

Pa genyen medikaman ki ka geri lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, oubyen chikoungounya. Nou trete yo tout menm jan : malad la dwe ret kouche, bwè anpil dlo ak lòt likid, epi bwè **paracétamol**, **acétaminophène** (parasetamòl, asetaminofèn, paj 29) pou soulaje mal la epi pou desann lafyèv la. Li pi bon pou sèvi ak parasetamòl pase aspirin oubyen **ibuprofène** (ibipwofèn), paske yo ka yon danje pou moun ki souffri ak lafyèv deng ki grav (paj 11). Si yon fanm kapab ansent, aspirin ak ibipwofèn kapab yon danje pou tibebe ki poko fèt la, men pa gen danje nan parasetamòl.

Se menm jan pou nou evite pran lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, ak chikoungounya

Pou evite pran maladi sa yo, pa kite marengwen pike nou (paj 19) epi pa kite marengwen yo peple (paj 23). Genyen yon vaksen ki pwoteje moun kont lafyèv jòn.

Lafyèv deng (lafyèv kraze zo)

Lafyèv deng konn gaye nan tan lapli lè li fè cho. Nou fasil jwenn li nan vil kote moun viv toupren youn ak lòt. Marengwen yo peple kote moun sere dlo epi nenpòt kote dlo ka chita, souvan nan veso yo epi atè a kote dlo a pa koule.

Premye fwa yon moun pran lafyèv deng, li konn reprann li si li poze kò li epi bwè anpil likid. Lè yon moun pran li yon dezyèm fwa oubyen plis toujou, maladi a va pi danjere.

Maladi a konn pran yon moun sanzatan ak yon lafyèv cho epi kò fè mal. Nan 3 oubyen 4 jou, moun nan ka kòmanse reprann li, men li gen yon gratèl ki leve sou men ak pye li yo. Gratèl la pase sou bra li, janm li, epi sou tout kò a (pa fasil sou figi a). Lafyèv deng ka parèt lòt jan, men pifò moun gen yon lafyèv cho epi 2 oubyen plis nan lòt siy yo.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LAFYÈV DENG :

- Lafyèv cho ki pran li sanzatan, 39° (104° F) oubyen pi wo toujou
- Gwo doulè nan vyann ak nan jwenti yo (se poutèt sa yo konn rele l lafyèv kraze zo)
- Maltèt, doulè dèyè je li yo
- Gratèl
- Gòj fè mal
- Anvi vomi ak vomisman
- Frison
- Kò kraz



Trètman (paj 10) ka fè nou santi nou pi bon, men voye je pou wè si pa genyen siy lafyèv deng ki grav. Si nou pa fè vit trete l, li ka pote yon moun ale.

SIY LAFYÈV DENG KI GRAV

- Ti gout san sou po a, oubyen nan nen, zòrèy, oubyen bouch
- Vant anfle, san nan vomi a oubyen nan kaka a (se vant lan k ap senyen)
- Li pa ka manje ni bwè
- Li sanble bwouye, kè a bat vit, po a vin frèt, oubyen nou wè lòt siy pou chòk. Kote nou ka fè analiz san, si ematokrit la twò wo, oubyen si plakèt yo twò ba, n ap konnen gen yon bagay ki pase mal. (Ematokrit se kantite selil wouj ki nan san an; lè yon moun ap senyen twòp, kantite ematokrit la monte twò wo paske pati likid ki nan san an ap pèdi. Plakèt se selil ki fè san an kaye oubyen fè boul ki pou rete senyen an.)

Sèl jan pou trete lafyèv deng ki grav, se pou nou fè vit ba li sewòm nan venn, epi trete pwoblèm san k ap pèdi a. Si nou wè siy danje, mennen l lopital san pèdi tan.

KI JAN POU NOU EVITE PRAN MALADI A

Pa kite marengwen pike nou (paj 19) epi pa kite yo peple (paj 23).

Lafyèv jòn

Lafyèv jòn pi kouran nan Lafrik ak nan Lamerik di Sid. Nan forè twopikal kote ki fè anpil lapli, genyen yon kalite maladi ki rele lafyèv jòn moun pran nan jeng (*fièvre jaune de la jungle*). Men kalite ki pi kouran an se lafyèv jòn moun pran nan zòn lavil (*fièvre jaune urbaine*).

Pifò moun ki pran lafyèv jòn ap reprann yo san pwoblèm, epi yo pwoteje kont maladi a, ki vle di yo pa pran li yon lòt fwa. De twa moun ka malad grav ak lafyèv jòn, men si nou trete yo, jeneralman y ap fin refè nèt.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LAFYÈV JÒN

- Lafyèv
- Frison
- Doulè nan vyann (sitou do fè mal)
- Maltèt
- Bouch li anmè
- Anvi vomi ak vomisman
- Kè a bat dousman
- Li pa vle wè limyè
- Po, je, ak lang tounen koulè wouj



Pou pifò moun, maladi a al fè wout li nan 3 oubyen 4 jou.

Trètman (paj 10) ka ede nou santi nou pi bon. Men veve pou wè si pa gen siy ki montre danje.

SIY KI FÈ NOU KONNEN GEN DANJE

Lè youn moun ap souffri ak lafyèv jòn ki grav, nan kèk èdtan oubyen sou premye jou kote li kòmanse reprann li, lafyèv cho ka tounen sou li. Epi nou wè kèk nan siy sa yo:

- Lajonis, blan je yo oubyen po ki gen koulè klè tounen koulè jòn.
- Vant fè mal
- Bouch, nen, oubyen je li yo ap bay san
- Vomisman
- San nan vomi a ki gen koulè wouj oubyen mawon, oubyen kaka ki gen koulè nwa (se anndan vant lan k ap senyen)

Si nou wè nenpòt nan siy sa yo, fè vit mennen li lopital.

KI JAN POU NOU EVITE PRAN MALADI A

Bay vaksen kont lafyèv jòn (al gade nan chapit Vaksen, paj 11). An plis, pa kite marengwen pike nou (paj 19) epi pa kite yo peple (paj 23).

Viris Zika

Viris Zika a ka bay yon ti lafyè, gratèl sou po, je wouj, epi ti doulè nan kò a; nòmalmman yon moun ka malad sèlman pandan detwa jou. Men genyen anpil moun ki pran viris la san yo pa tonbe malad.

SIY KI FÈ NOU KONNEN YON MOUN KA GEN ZIKA

- Ti lafyè pou youn oubyen 2 jou, nòmalmman pa pi wo pase 38° (101°F)
- Gratèl
- Je li yo wouj epi yo pike l
- Doulè nan jwenti
- Po li ap grate l
- Doulè nan vyann ak maltèt

Zika bay yon maladi ki pa twò grav; li dire sou moun detwa jou oubyen jiska 8 jou. Nòmalmman, yon moun ki gen Zika pa malad ase pou li ale lopital.


Trètman (paj 10) ka fè nou santi nou pi bon.

KI JAN POU NOU EVITE PRAN MALADI ZIKA

Pou evite pran Zika, pa kite marengwen pike nou (paj 19). Moun nan kominote a dwe kole zepòl ansanm pou anpeche marengwen yo peple (paj 23). Menm si se sitou piki marengwen ki transmèt maladi a, li posib pou yon gason bay yon fanm maladi a lè yo al nan kontak seksyèl. Konsa, kote ki gen Zika, moun dwe sèvi ak kapòt pou anpeche maladi a gaye.

Zika ak gwosès

Zika ka yon gwo danje pou yon tibebe k ap devlope nan vant manman an. Zika ka fè tibebe yo fèt ak yon pwoblèm ki grav: tèt yo twò piti. Si yon fanm ki gwo vant tonbe malad ak Zika pandan gwosès la, tibebe a ka mouri touswit apre li fèt, oubyen kò li ak sèvo li ka pa devlope nòmalmman. Chans pou yo, pifò tibebe yo pa gen pwoblèm. Men tout fanm, sitou fanm ki ka deja ansent, yo dwe fè efò pou yo pa kite marengwen pike yo — pote ase rad, sèvi ak anti-moustik (yon likid ki pou pase oubyen flite sou po a ki pou chase moustik). Si posib, mete moustikè sou tout fenèt ak pòt yo, epi dòmi anba moustikè (paj 19 – 20).



Si genyen yon epidemi Zika (kote anpil moun tonbe malad nan menm tan) kote nou rete a, epi ou vle fè pitit, ou ka panse si li pa ta bon pou ou tann epidemi a fin fè kous li. Kominote yo ka fè atansyon pou tout moun gen posiblite pou yo fè planin (metòd pou kontwole fè pitit). Konsa yo ka anpeche viris Zika a fè donmaj (al gade nan chapit *Fè plan pou fanmi nou*, epi nan liv angle a : *Health Actions for Women*).

Kote ki gen viris Zika a, gason ak fanm, youn ka enfekte lòt la nan kontak seksyèl. Sèvi ak kapòt pou evite pran viris la. Si fanm nan deja ansent, li pi enpòtan anpil pou li pa fè lamou, oubyen pou li menm oubyen patnè li sèvi ak kapòt, pou fanm nan pa pran Zika pandan li gwo vant.

Menm si pa gen Zika nan zòn kote yon fanm rete, li ka toujou pran maladi a nan kontak seksyèl si patnè li te vwayaje al nan yon zòn kote ki gen zika. Lè patnè li tounen, li dwe sèvi ak kapòt pandan 6 mwa pou pi piti pou pa bay madanm li maladi a pandan li ansent la.

Pa gen tibebe ki te pran maladi Zika a nan lèt manman an. Menm si yon fanm gen Zika, li pi bon pou li bay tibebe a tete. Lèt manman se pi bon manje pou tibebe a, epi se pi bon fason pou pwoteje sante tibebe a.



Lè nou te vle fè pitit, nou te sispann sèvi ak kapòt. Koulye a, madanm mwen gwo vant. Paske gen Zika nan zòn sa a, n ap pran swen pou anpeche marengwen pike nou, epi nou sèvi ankò ak kapòt pou pwoteje tibebe a!

Lè yon tibebe fèt ak yon donmaj akòz Zika

Lè yon tibebe fèt ak yon donmaj ki soti nan maladi Zika pandan gwosès manman an, li ka gen yon tèt ak yon sèvo ki twò piti. Li ka gen pwoblèm pou l wè epi tande, oubyen lòt pwoblèm fizik, mete sou sa, yon andikap mantal. Ajan sante yo dwe kontwole je ak vizyon yon tibebe nan laj 3 mwa; an plis yo ka tyeke pou wè si li pa gen lòt pwoblèm. Pou kontwole kapasite ak aktivite timoun nan pa rapò ak sa lòt timoun ka fè, yo ka sèvi ak yon grafik ki montre ki jan timoun devlope (al gade nan Apenndis A nan chapit *Ki jan pou nou okipe Timoun*). Bay timoun nan tout vaksen epi okipe li jan nou fè pou lòt timoun. Si tibebe a fèt ak tèt li twò piti, oubyen si nou remake pwoblèm je ak lòt pwoblèm, bay fanmi an yon kout men pou yo ka jwenn pwogram Sèvis Sante Piblik oubyen lòt pwogram nan kominote a kote yo ka jwenn èd pou pitit la. Yon timoun ki andikape mantalman bezwen menm aktivite ak ankourajman pase lòt timoun nan fanmi an. Nou dwe pale avè l, jwe avè l, chante e tande mizik, epi karese l. Men yo bezwen plis pase sa. Nou gen pou ede timoun sa yo plis, epi fè anpil aktivite ak yo. Pou chache konnen plis sou ki jan nou ka ede timoun ki gen pwoblèm sa yo, al gade nan liv *Hesperian* yo ki ekri ann angle: *Handicapped Village Children*, chapter 34, ak nan franse: *L'Enfant Handicapé au Village*, chapit 34 (épuisé), epi *Aide aux Enfants aveugles*.



Viris chikoungounya

Jeneralman, pa gen danje nan maladi sa a, men chikoungounya ka bay gwo malalèz paske doulè a ka rèd toutbon, nan men, pye, jenou, ak nan do. Mal la ka sitèlman rèd li ka fè yon moun rete ak do l bos, ep li ka pa ka mache. Pifò moun reprann yo nan 8 jou konsa, men menm si lafyèy la desann, doulè nan jwenti ka dire kèk senmenn, menm kèk mwa. Mal la ka tounen sou li, menm apre yon ane oubyen plis.

Genyen plis danje nan chikoungounya pou timoun piti. Al wè yon ajan sante si yon tibebe gen lafyèy cho, si li fè kriz, si li vomi oubyen gen dyare.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT CHIKOUNGOUNYA

- Lafyèy ki pran li sanzatan, li ka cho oubyen pa twò cho, souvan 38.5° (101°) oubyen pi wo.
- Kò fè mal, maltèt, kou fè mal, ak vant fè mal ki rèd sou li
- Anvi vomi
- Gratèl sou po
- Doulè nan jwenti ki dire sou li kèk senmenn, menm kèk mwa.

Trètman (paj 10) ka fè nou santi nou pi bon.


KI JAN POU NOU EVITE PRAN CHIKOUNGOUNYA

Pou anpeche chikoungounya vin sou nou, pa kite marengwen pike nou (paj 19), epi pa kite yo peple (paj 23).



Marengwen ki simen lafyèy deng, lafyèy jòn, Zika, epi chikoungounya pa mande anpil dlo pou yo ka peple. Yon kapichon ki plen dlo ase gran!

Viris Nil lwès (*virus de Nil occidental*)



Marengwen sa yo peple nan marekay oubyen nan lòt dlo sal k ap domi.

Se marengwen kilèks (*Culex*) ki mache bay moun viris Nil lwès la. Yo gen tay mwayèn, koulè mawon, ak mak blanch sou vant lan. Lajounen yo poze kò yo anndan e bò kote kay moun ak lòt batiman, epi bò kote plant ak touf bwa. Kòbo, lòt zwazo, ak cheval konn pote viris la. Yon marengwen al pike yon bèt, li souse viris la, apre sa li pike yon moun, epi li mete viris la ak maladi a nan kò moun nan.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT VIRIS NIL LWÈS

Pifò moun ki enfekte ak viris Nil lwès la pa bay siy malad, epi yo ka byen pa konnen yo te pran li. Men youn nan 5 moun ki enfekte ap tonbe malad, epi yo ka fè kèk nan siy sa yo :

- Li gen lafyèv
- Li gen maltèt
- Li bouke tout tan
- Tout kò l fè mal
- Li vomi
- Li gen gratèl sou po
- Glann li yo anfle



Trètman (paj 10) ka fè nou santi nou pi bon.

Menm si sa pa rive souvan, maladi viris Nil lwès la ka tounen byen mal. Fòm maladi sa a ka aji sou sèvo yon moun. Ti granmoun yo pi fasil pase jenn moun pou yo pran fòm maladi ki grav la. Si nou wè siy ki montre danje, fè vit chache konkou doktè.

SIY VIRIS NIL LWÈS KI FÈ NOU WÈ GEN DANJE

- Li gen kou rèd
- Li tranble
- Li paralize (pa ka fè mouvman)
- Li bwouye, li pèdi konnesans

KI JAN POU NOU EVITE PRAN VIRIS NIL LWÈS

Si nou wè zwazo ki mouri epi cheval ki malad nan yon zòn kote ki konn gen viris Nil lwès, sa fè nou konnen kapab gen moun ki pran li tou. Genyen yon vaksen pou cheval; alò, si nou vaksinen cheval yo, n ap pwoteje moun tou. Kalite maladi sa a aji sou sèvo yon moun. An plis, pa kite marengwen pike nou (paj 19), epi pa kite yo peple (paj 23).

Ansefalit japonèz (*encéphalite japonaise*)

Se yon marengwen ki rele Kilèks (*Culex*) ki simen ansefalit japonèz la. Li gen tay mwayen, koulè mawon, epi mak blanch sou vant lan. Yo konn pike lè solèy la ap kouche epi lannuit. Lajounen yo poze kò yo anndan e bò kote kay moun ak lòt batiman, epi bò kote plant ak touf bwa. Nou jwenn li sitou ann Azi epi Pasifik lwès. Pifò moun pa malad grav, men si maladi a tounen grav, li ka donmaje sèvo a epi menm pote yon moun ale.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT ANSEFALIT JAPONÈZ

Yon moun ki pran ansefalit japonèz ka pa bay okenn siy maladi. Oubyen li ka soufri ak lafyèv, dyare, vomisman, maltèt, oubyen feblès, men gen divès maladi ki bay menm siy sa yo.

Trètman (paj 10) ka fè nou santi nou pi bon. Men si nou wè siy ki montre gen danje, mennen l lopital san pèdi tan.

SIY ANSEFALIT JAPONÈZ KI FÈ NOU WÈ GEN DANJE

- Li fè kriz
- Li paralize (pa ka fè mouvman)
- Li bwouye, oubyen li pèdi konnesans

KI JAN POU NOU EVITE PRAN ANSEFALIT JAPONÈZ

Vaksinasyon pwoteje kont ansefalit japonèz. Pa kite marengwen pike nou (paj 19), epi pa kite yo peple (paj 23).

Elefantyazis filaryòz lenfatik (*éléphantiasis filariose lymphatique*)

Se ti vè tou piti ki bay maladi sa a, epi se marengwen ki mache bay moun ti vè sa yo, ki rele filaryòz (*filariose*). Anpil ane ka pase san yon moun pa wè siy enfeksyon. Kote ki gen elefantyazis, pi bon fason pou anpeche l gaye se pou trete moun ki deja malad. Medikaman touye parazit yo k ap viv nan kò malad la; konsa marengwen yo pa kapab souse yo pou yo al bay lòt moun parazit yo. Genyen kèk kalite marengwen ki ka pote maladi a. Pou anpeche l gaye, pa kite marengwen pike nou (paj 19), epi pa kite yo peple (paj 23).


Siy elefantyazis ap devlope lè yon moun te enfekte depi lontan. Li ka gen janm ak bra yo anfle, epi kay gason, sak grenn nan. Moun konn fè kriz maladi ak lafyèv e gwo doulè.

Trètman : Antibiyotik ak medikaman ki bon pou touye parazit ka touye ti vè yo, epi anpeche maladi a vin pi mal. Nou ka trete doulè e lafyèv la ak medikaman ki bon pou kalme doulè. Gen de fwa yo ka fè operasyon pou trete pati nan kò a ki anfle. Al wè yon ajan sante pou jwenn medikaman nou bezwen; aprann fè egzèsis epi aprann ki lòt bagay nou ka fè pou soulaje janm ki anfle yo ak lòt pwoblèm.


Pou evite pran maladi, debarase nou ak marengwen

Si nou pa kite marengwen yo pike nou, epi si nou anpeche yo peple lakay nou ak nan katye a, nou ka kwape maladi y ap simen an.

Pou nou rive fè sa, fòk nou konnen kote diferan marengwen yo peple, kote yo poze kò yo, epi ki lè yo konn pike moun. Pa egzanp, se sitou andeyò nou jwenn marengwen malarya, epi yo peple nan marekay ak nan lòt dlo k ap dòmi. Marengwen lafyèv deng ak lafyèv jòn konn rete anndan oubyen toupre kay moun, epi kote yo ranmase epi sere dlo pwòp, andeyò ak lavil. Anndan kay moun, anpil marengwen konn kache kò yo kote ki pa gen limyè, tankou anba tab, anba kabann yo, oubyen nan kwen yo. Deyò, yo jwenn kote ki gen lonbray.



Ki jan marengwen ap pase bay moun maladi



Men ki jan pou nou anpeche marengwen vin pike nou :

- Mete rad ki kouvri kò a, bra, janm, pye, kou, ak tèt, plis ke posibil (pote rad ki gen manch long, pantalon ak jip ki long, ak soulye ki fèmen oubyen sandal ak chosèt).
- Si gen posibilite, mete moustikè oubyen griyaj sou tout fenèt ak pòt yo. Repare oubyen bouche tout ti twou bò fenèt yo kote marengwen yo ka pase.
- Si pa gen moustikè, fèmen pòt ak fenèt yo lè marengwen yo soti pou pike moun.
- Sèvi ak yon vantilatè pou van an pouse marengwen yo ale lè yo vle pwoche bò kote moun.
- Dòmi anba moustikè lannuit epi lè n ap pran ti repo lajounen.
- Lè nou dòmi deyò, dòmi anba mousikè pou pwoteje tèt nou kont marengwen.

Moustikè yo bon pou anpeche marengwen vin pike moun

Genyen 2 fason moustikè yo anpeche moun tonbe malad ak maladi moustik bay. Si moustikè a pa chire epi li pa gen twou, marengwen yo pa ka rive pike yon moun ki anba moustikè a. Si moustikè yo trete ak yon ensektisid (pwazon ki pou touye ti bèt ak zèl), y ap touye marengwen yo ki vin poze sou li. Pou diminye kantite marengwen k ap pote maladi nan katye a, sèvi ak moustikè, youn pou chak kabann ki nan chak kay. Gen pwogram kote yo fè kado moustikè ki trete ak yon pwazon, paske, kote tout moun sèvi ak yo, pa p gen tèlman anpil marengwen; se sa ki fè pa gen anpil ka malarya.

Pou anpeche marengwen yo vin pike nou, toujou mete rebò moustikè a anba kabann nan oubyen anba nat la, pou pa gen kote pou marengwen yo ka pase antre. Moustikè yo va toujou bon sèlman si nou fè vit repare nenpòt ti chire ak twou.

Si moustikè yo trete ak ensektisid, yo dwe dire anpil tan, ki vle di, pwazon an ka bon pou yon ane epi menm pou plizyè ane. Si nou achte oubyen jwenn yon moustikè kado, mande pou konbyen tan l ap bon. Mande tou si l ap pèdi efikasite li si nou lave l twò dri.

Si se yon vye moustikè, ensektisid la finalman ap efase. Si moustikè a toujou bon, nou ka prepare e pase yon nouvo kouch ensektisid sou li. Men si moustikè a gen plizyè ti chire, li pi bon pou nou ranplase l. Lè n ap pase yon lòt kouch ensektisid sou yon moustikè, fè atansyon pou nou pote gan, epi pou nou swiv tout espplikasyon sou ki jan nou ka anpeche pwodui chimik yo kontamine po e rad nou yo, epi anpeche yo antre nan kò nou.

Pa kite timoun souse oubyen mastike yon moustikè ki gen ensektisid sou li. Pa lave yo nan larivyè a oubyen nan dlo kote pwazon an ka donmaje pwason, ti bèt ak zèl, bèt, epi moun ki abite anba.



Marengwen ki pote parazit malarya konn pike moun sitou lannuit; konsa moustikè yo bon anpil pou evite pran malarya, epi pou evite pran lòt maladi ke marengwen malarya ka pote. Marengwen ki pote lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, ak chikoungounya yo pike lajounen. Lè timoun ak lòt moun ki dòmi oubyen pran repo lajounen, si yo sèvi ak moustikè, sa ka anpeche maladi sa yo vin sou yo. An plis, si yon moun te deja malad, yon moustikè va anpeche marengwen vin pike li. Konsa yo pa ka bay lòt moun maladi a.



Si nou repare ti chire nan moustikè a, nou ka sèvi avè l pandan yon bon ti tan. Pwochen fwa li chire, ou menm ak frè ou ka repare l.

Flit ak ensektisid anpeche marengwen vin pike moun

Flit (anti-moustik) fèt ak pwodwi chimik ki pou repouse marengwen yo; sa fè yo pa pwoche nou. Ensektisid se pwodwi chimik ki touye marengwen yo lè yo vin poze sou yon bagay kote nou te flite l, tankou yon mi oubyen yon moustikè.

- Genyen pwodwi natirèl nou ka pase sou po a, tankou sitwonèl (*citronelle*), lwil nim (*huile de margousier; neem oil*), konsantre sitwonèl oubyen konsantre fèy bazilik (*feuille de basilic*). Oubyen nou ka sèvi ak sa ki gen pwodwi chimik ladan yo, tankou: *DEET*, *Picardin* (*KBR 3023, icaridin*), *PMD* ansanm ak lòt konbinezon ki fèt ak lwil sitwon ekalyptis (*eucalyptus*), oubyen *IR3535*. Anti-moustik yo ka bon anpil pou pwoteje timoun yo, men fè atansyon pou nou toujou li etikèt la pou konnen si pa gen danje pou timoun. Yo dwe di nou tou nan konbyen èdtan nou dwe mete l yon lòt fwa. Nòmalman se chak kèk èdtan.
- Kote ki gen Zika, otorite Sèvis Sante Piblik yo ka petèt bay fanm pwodwi anti-moustik paske Zika gen danje pou fanm ki gwo vant (paj 13).
- Pèmetrin (perméthrine) se yon pwodwi chimik; nou pa gen dwa pase l sou po a, men nou mèt flite moustikè, rad, oubyen soulye pou chase marengwen yo. Pou nou pa flite po nou, flite rad nou yo epi kite yo seche anvan nou mete yo. Toujou li etikèt la epi swiv esplikasyon yo.
- Sèvi ak espiral moustik sèlman jis nou ka jwenn yon anti moustik ki pi bon. Espiral yo ak lòt metòd pou fè lafimen ki pou repouse marengwen yo kapab nwizib pou respirasyon nou.

Flite pou touye marengwen yo

Gouvènman an oubyen lòt òganizasyon yo ka monte pwogram pou yo flite kay ak yon pwazon ki pou touye marengwen yo. Yo flite mi yo anndan kay yo nan moman lè gen pi plis marengwen. Tout moun k ap flite pwazon gen pou pwoteje tèt yo pou pwazon an pa antre nan kò yo, pou pwazon an pa touche po a epi pou moun pa respire l. Nan pwogram kont malarya, li mache pi byen lè yo flite tout kay nan katye a nan menm tan. Jan nou fè ak tout pwodwi chimik e pwazon, pa kite timoun yo mete pwodwi chimik yo nan bouch oubyen sou kò yo.



Ensektisid touye marengwen men yo konn fè moun mal

Ensektisid se pwazon yo ye – se sa ki fè yo kapab touye marengwen. Prèske tout pwazon konn fè moun mal tou. Poutèt sa, pi bon fason pou debarase yon katye ak marengwen se pou tout moun mete ansanm pou yo debarase tout kote yo ka peple. Men si gen pwoblèm toujou epi nou sèvi ak pwazon pou touye marengwen, gen fason nou ka anpeche donmaj moun pran lè yo sèvi ak yo.

- Asire nou ke pwazon n ap itilize a kapab touye marengwen ki nan katye pa nou. Genyen de zòn kote marengwen yo vin kenbe tèt ak kèk pwazon. Sa fè pwazon an pa kapab touye marengwen yo ankò.
- Sèvi ak pwazon ki gen mwens danje ladan ke posibil, epi sèvi ak pi piti kantite ki nesèsè pou touye marengwen yo. Li esplikasyon sou ki jan nou dwe melanje l epi sèvi avè l.
- Lè yo sèvi ak avyon oubyen ak kamyon pou flite, se metòd ki pi danje pase tout, paske yo flite tout bagay menm si yo pa mande flite. Metòd sa yo nwi moun plis pase yo nwi marengwen yo.
- Kote nou ka jwenn yo, sèvi ak pwazon ki pou touye ze lav marengwen yo, anvan yo tounen marengwen. Prèske nan tout ka yo, kalite pwazon sa yo pa gen danje menm jan ak pwazon ki pou touye marengwen granmoun. Men pa mete pwazon sa yo nan dlo ki pou bwè.
- Lè ou sèvi ak pwodui chimik, toujou mete gan, linèt senp oubyen linèt ki pou pwoteje je, epi rad ki kouvri tout kò a. Kouvri bouch ak nen ou ak yon mas. Lè ou fin flite, lave kò ou ak rad ou. Lave men ou byen lave, sitou anvan ou manje, bwè, oubyen anvan ou touche figi ou.

Asire nou ke timoun yo pwoteje kont pwazon yo. Kò yo pi piti pase kò granmou; yon pwazon gen dwa donmaje yo plis pase granmoun.

Genyen pwazon, tankou DDT, ki se danje pou moun ak pou anviwònman an; nou pa gen dwa sèvi ak yo ditou.




Ki jan pou nou anpeche marengwen yo peple

Chak kalite marengwen gen kalite dlo kote yo peple. Lè nou touye marengwen granmoun yo, yo pa ka pike moun ni peple ankò. Men sa ki pi efikas se detwi ze ak ze lav ki eksploze nan dlo, oubyen seche dlo kote yo ka peple.

Marengwen, ki fè gaye lafyèv deng, lafyèv jòn, Zika, ak chikougounya, yo peple nan dlo pwòp k ap dòmi. Si marengwen yo jwenn dlo konsa, y ap ponn ze. Nan de (2) jou, ze yo eksploze nan fòm ze lav, ki viv anba dlo a. Nan 4 jou an plis, ze lav yo kòmanse tounen marengwen ak zèl. Nan 2 jou ankò, yo ka vole ale. Si chak 8 jou nou ta debarase katye a ak tout dlo k ap domi, marengwen yo pa ta kapab peple paske ze yo pa p eksploze.

Marengwen ki simen malarya ponn ze yo nan dlo tou — kèk fwa nan yon ti dlo dous anndan oubyen tou pre kay moun, menm jan ak marengwen lafyèv deng. Men yo peple tou nan ma dlo ki pi gwo, nou pa ka vide yo oubyen plen yo. Si gen marengwen bò kote oubyen anndan kay nou, li toujou bon pou nou wete, vide, oubyen byen kouvri tout kote dlo ap chita oubyen kote nou sere l.



Debarase nou ak tout kote marengwen ka peple, bò kote kay yo ak nan katye a.


Deyò kay la : Debarase nou ak tout kote dlo ka chita, tankou vye kawoutyou machin, po flè, doum lwil, rigòl, ti veso plastik oubyen jwèt timoun, epi menm kapichon. Fè sa chak 8 jou pou pi piti. Si tèt kay yo an pant, ak yon sistèm pou ranmase dlo a, dlo lapli pa ka fè ma dlo nan tèt kay la ni atè a; sa fè marengwen yo pa ka peple la. Plen twou nan dèyè pyebwa kote dlo ka chita, epi plen ti twou nan kloti yo, sitou kloti ki fèt ak banbou.

Se sezon marengwen koulye a; poutèt sa, chak 8 jou m lave bòl dlo a byen lave pou ze marengwen yo pa kapab eksploze.

Kominote yo sèvi ak anpil kalite materyo pou fè atrap marengwen ki rale yo vini, epi ki touye yo ak ze yo. Yon kalite atrap marengwen sèvi ak bout vye kawoutyou machin; pou anpeche marengwen yo peple, yo ta oblije netwaye yo kanmenm.



Anndan kay la : Chak 8 jou, chanje dlo ki nan po flè epi veso kote bèt yo bwè. Si nou pa fwote yo byen, ze marengwen yo ka kole sou veso yo, kote yo ka rete vivan pandan de mwa jiska gen dlo ki pou fè yo eksploze.



Deyò ak anndan kay la : Toujou kouvri veso dlo yo byen sere pou marengwen yo pa ka antre ponn ze yo la. Si gen ze la epi yo eksploze, kouvèti a ap anpeche yo vole ale. Si gen twou oubyen fant, kouvèti a pa bon. Pou veso, doum, oubyen sitèn ki pa gen kouvèti, sevi ak moustikè oubyen griyay ki gen twou ki piti anpil kote marengwen pa ka pase; oubyen kouvri yo ak yo twal ki pèmèt dlo a pase, epi tache l byen. Oubyen kouvri yo ak kouvèti plastik ki byen sere. Fè atansyon pou dlo a pa chita anwo kouvèti a; sinon, marengwen yo ap ponn ze yo la!


Debouye nou ak kouran dlo epi kanalize dlo ki koule nan pi ak tiyo

Kote ki gen malarya, nou gen pou okipe chemen yo, ak tout lòt kote dlo a ka chita, pou anpeche marengwen yo peple. Fè atansyon tou pou kouran dlo ak dlo lapli ka koule desann, epi pou dlo a pa rete chita. Fè jaden yon fason pou tè a bwè dlo a, oubyen pou dlo a ka koule desann nan larivyè a. Veye pou pa gen fatra, fèy pye bwa, oubyen tè ki glise tonbe nan mòn yo vin bouche kouran dlo yo. Pou chache konnen plis sou ki jan nou ka debouye nou nan jesyon dlo, epi ki jan nou ka chwazi latrin ki pa gen fòs kote dlo sal ka chita, al gade nan liv la: *A Community Guide to Environmental Health*.



Nenpòt kote moun vin pran dlo, gen dlo ki vide atè. Kote ki gen ma dlo, ap genyen kote pou marengwen yo peple. Marengwen sa yo pote malarya ak lòt maladi. Kote moun pran dlo bò pi dlo, tiyo, sitèn debouche, ak lòt kote, veye pou dlo ki vide atè a ka byen koule, oubyen pou tè a ka bwè dlo a.

Pou nou pwofite dlo ki vide atè a, nou ka plante yon pye bwa oubyen yon jaden legim. Si nou pa kapab plante yon pye bwa oubyen fè jaden la, fè yon twou nan tè a, plen li ak wòch, gravye, epi sab pou dlo a ka koule ladann. Yo rele l yon «fòs ki pou bwè dlo». Konsa nou ka anpeche marengwen yo peple.



Yon tiyo dlo kominotè ak yon kannal

fòs ki pou bwè dlo

Wè si pa gen bon pwogram nan kominote pa nou an kote yo sèvi ak pwason ki manje ze lav marengwen yo nan ma ak nan letan yo. Oubyen mande pou wè si pa gen mikwòb ki rele Bti ki disponib. Nou ka sèvi avè l pou touye jenn marengwen yo anvan yo ponn ze, epi li pa p fè dega nan anviwònman an

Kominote yo konbat maladi moustik bay

Ajan sante ki nan kominote a, oubyen nenpòt gwoup moun, ka ede vwazen yo debarase lakou e kay yo ak dlo k ap dòmi. Sa ap anpeche marengwen yo peple, epi anpeche yo enfekte tout moun nan kominote a. Eske gen vye granmoun, moun ki kokobe, oubyen fanmi ki manke mwayen ki bezwen moun ki pou pote yo lanmenfòt? Gwoup jenn yo oubyen ekip granmoun yo ka verifye kay moun, fè oubyen repare moustikè, epi byen kouvri tout veso kote yo sere dlo. Fè timoun lekòl yo patisipe; sa ap ede yo aprann plis sou ki jan lanati ak tout bagay ki ladann ap mache.

Lè yon kominote vle netwaye katye a, yo gen dwa fè efò pou yo debarase teren lib yo ak tout fatra e veso ki ka ranmase dlo. Yo ka mete veso yo tèt anba, byen fèmen yo, oubyen wete yo.

Men lòt fason chèf ki nan kominote a ka bay yon kout men :

- Chache amelyore kondisyon lavi moun: monte sistèm dlo nan tiyo, jere fatra ak dlo sal, trase plan tèt kay yo pou pa gen kote dlo ka chita, epi wè si nou pa ka amelyore latrin oubyen sistèm pwòpte yo.
- Fè efò pou moun ka jwenn trètman malarya pi fasil.
- Pase moustikè bay tout moun, epi planifye reyinyon pou repare twou epi trete moustikè yo ak ensektisid
- Kole zepòl ak moun ki responsab pwogram sante nan kominote an sou ki jan nou ka sèvi ak ensektisid (pwazon ki pou touye ti bèt) yon jan ki san danje.



Nou ka sèvi ak vye kawoutyou pou plante ladan yo, oubyen menm pou fè eskalye!

Mete tout moun ladann; fè yo konnen ki jan marengwen yo simen maladi yo, ki jan nou ka anpeche yo vin pike nou, epi ki jan nou ka anpeche yo peple. Ki kote moun anpile vye kawoutyou yo? Pale sou ki moun marengwen yo ka aji pi plis, epitou sou ki jan nou ka anpeche yo pike moun epi peple. Eske yo aji yon lòt jan sou fanm, gason, timoun, ak tibebe? Reflechi sou ki moun ki travay oubyen ki pase tan kote ki gen anpil marengwen, pa egzanp:

- Kote moun al pran dlo oubyen lave rad, sitou si se dlo k ap dòmi, oubyen dlo ki vide atè ki fè ma dlo.
- Kote moun travay latè oubyen fè min, ki fè genyen twou, fòs, oubyen rigòl ki plen dlo nan tan lapli.
- Anndan e bò kote kay la, kote fanm ak timoun piti yo pase pifò jounen an, epi marengwen yo kache kò yo sou mi yo epi nan lonbray.
- Lekòl ki manke moustikè epi timoun yo oblije chita an plas nan klas.




Annou mete fen ak marengwen!

Pou konbat lafyèv deng ak lòt maladi, genyen gwoup vwazen yo nan plizyè peyi Lamerik Latin, ki òganize gwoup jennjan ak ekip sante pou yo pase kay an kay, epi pou yo fini ak tout kote marengwen yo ap peple. Moun ki mete men nan travay la touche pwen lè yo fè foto kote ze oubyen ze lav marengwen ka kache tèt yo, epi yo pran yon lòt foto lè yo fin regle pwoblèm nan. Pa egzanp, yo kouvri yon sitèn dlo pou marengwen yo pa ka antre, oubyen yo chavire yon bokit pou dlo pa ka chita la. Si yo mete foto a sou yon kat kominote a ki poste sou entènèt la, tout moun ka wè jan y ap fè pwogrè, epi ki kote ankò yo gen pou vizite.

Yo batize paj Web la DengueChat, epi yo sèvi ak telefòn yo pou pibliye foto yo, epi pou youn chofe lòt nan pwojè a.

Ekip sante a pran yon echantyon dlo, epi yo tyeke yo pou wè si pa gen ze lav marengwen ladann. Yo ka montre moun ki jan pou yo :

- Veye pou tout veso dlo toujou gen kouvèti byen sere, pou anpeche marengwen yo ponn, epi pou anpeche nouvo marengwen yo vole al pike lòt moun.
- Byen lave veso dlo chak 8 jou pou anpeche ze yo eksploze.



Ti mak nwa sa yo, se ze lav ki tounen vin marengwen. Fòk nou kouvri sitèn nan.



Manm ekip la vin fò nan ki jan marengwen nan zòn nan ap peple, epi ki jan yo ka kwape yo.

Medikaman

Medikaman ki bon pou kalme doulè ak lafyèv

Paracétamol, acétaminophène (parasetamòl, asetaminofèn)

Parasétamol pa koute chè; li bon pou kalme ti doulè epi pou desann lafyèv. Genyen anpil maladi moustik bay ki bay pwoblèm doulè ak lafyèv.

Atansyon

Veye pou nou pa pran plis medikaman pase sa yo di pou nou pran. Lè nou pran medikaman sa a twòp, li ka donmaje fwa a; li ka menm pote yon moun ale. Sere medikaman an kote timoun pa ka rive, sitou si se medikaman an siwo li ye.

Yo mete parasétamòl nan anpil siwo ki bon pou grip. Poutèt sa, si n ap bay parasétamòl, pa bay siwo pou grip. Sinon, nou ka bay twòp.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay 10 - 15 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 5 dòz pandan 24 èdtan. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li :
 - Timoun ki poko gen 1 ane** : bay 62 mg (mwatye nan yon ka $\frac{1}{4}$ grenn 500 mg, ki vle di $\frac{1}{8}$, uityèm nan yon grenn), nan espas 4 - 6 èdtan.
 - Timoun 1 - 2 ane** : bay 125 mg ($\frac{1}{4}$, ka nan yon grenn 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.
 - Timoun 3 - 7 ane** : bay 250 mg ($\frac{1}{2}$, mwatye nan yon grenn 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.
 - Timoun 8 - 12 ane** : bay 375 mg ($\frac{3}{4}$, twa ka nan yon grenn 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.
 - Plis ke 12 ane** : bay 500 - 1000 mg, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 4000 mg nan yon jou.

Medikaman ki bon pou trete malarya

Detwa mo sou medikaman ki bon pou trete malarya

Genyen anpil medikaman ki bon pou trete malarya ak pou anpeche malarya vin sou nou. Men parazit malarya yo ka vin rezistan ak medikaman sa yo, ki vle di, gen kèk ki pa kapab touye parazit yo ankò. Ajan sante yo, sant sante nan kominote a, oubyen otorite Sèvis Sante Piblik yo konnen ki medikaman ki ka bay pi bon rezilta nan zòn pa nou.

Medikaman ki bon pou pwoteje moun pou yo pa pran malarya

Méfloquine (meflokin, paj 34), **chloroquine** (klowokin, paj 38), **chloroquine + proguanil** (klowokin + pwoganil, paj 40), **atovaquone + proguanil** (atovakòn + pwoganil, paj 41), epi **doxycycline** (doksisiklin, paj 44) se medikaman ki sèvi pou anpeche moun pran malarya lè yo kite yon zòn kote ki pa gen malarya pou yo vwayaje al nan yon zòn kote ki gen malarya.

Primaquine (primakin, paj 40) sèvi pou anpeche kèk kalite malarya tounen sou yon moun lè li fin trete. Yo konn sèvi ak **amodiaquine** (amodyakin) ansanm ak **sulfadoxine + pyriméthamine** (silfadoksin + pirimétamin) nan kèk peyi nan Lafrik di Nò nan tan lapli pou pwoteje timoun, ki poko rive nan laj 5 ane, kont malarya.

Nan lòt peyi yo (toujou nan Lafrik), pou tibebe yo pa pran malarya, yo bay 3 dòz **sulfadoxine + pyriméthamine** nan premye ane lavi yo, jeneralman nan menm tan ak dòz vaksen nòmal yo.

Nan kèk peyi, yo bay fanm ansent medikaman **sulfadoxine + pyriméthamine** (paj 36) yon fwa nan yon mwa pou anpeche malarya vin sou yo pandan gwosès la.

Medikaman ki pou trete malarya ki grav

Malarya ki grav (paj 7) mande pou jwenn swen prese prese ak **artésunate** (atesinat) nan piki nan venn (IV) oubyen nan vyann (IM). Depi nou trete yon moun epi li sispann vomi, nou gen pou ba li medikaman nan bouch pandan 3 jou. Bay yon **combinaison thérapeutique à base d'artémisinine, CTA** (konbinezon terapetik ki baze sou atemisinin) (al gade lis ki anba an kote yo bay 5 CTA ki kouran).

Si pa gen **artésunate** ki pou bay nan piki, epi si se yon timoun ki malad grav ak malarya epi l ap vomi, nou mèt ba li sipozitwa kapsil **artésunate** (paj 38) nan twou dèyè a pandan nou nan wout pou al nan yon sant sante. Konsa nou ka sove lavi pitit la.

Medikaman ki pou trete malarya falsiparoum senp

Parazit la, *P. falsiparoum*, bay yon kalite malarya ki pi fasil vin grav (paj 7). Gen de zòn kote **chloroquine** (klowokin) oubyen lòt medikaman malarya pa kapab trete malarya falsiparoum ankò. Nan plas li, sèvi ak yon **CTA (combinaison thérapeutique à base d'artémisinine)** Veye pou nou sèvi sèlman ak medikaman ki bon pou trete kalite malarya ki nan zòn pa nou. Bwè medikaman yo pandan 3 jou. Al gade nan Ki jan pou nou sèvi ak medikaman CTA (paj 31). Men kèk CTA ki kouran :

- **Artéméther + luméfantrine** (atemetè + limefantrin, paj 32)
- **Artesunate + amodiaquine** (atesinat + amodyakin, paj 32)
- **Artesunate + méfloquine** (atesinat + meflokin, paj 33)
- **Artésunate ak sulfadoxine + pyriméthamine** (atesinat ak silfadoksin + pirimetamin), paj 35)
- **Dihydroartémisinine + pipéraquine** (diyidwo-atemisinin + piperakin, paj 36)

Medikaman ki bon pou trete malarya senp ki pa malarya falsiparoum

Genyen kèk kalite parazit ki bay yon malarya senp. Si nou pa konnen ki parazit li ye, oubyen si malad la ka petèt ap soufri ak de (2) kalite malarya nan menm tan, trete l ak yon CTA. Si malarya ki nan zòn nan rezistan ak **chloroquine**, fòk nou chache konnen ki CTA ki ka sèvi nan plas li.

Si nan zòn pa nou **chloroquine** toujou bon pou trete yon malarya senp, ki pa malarya falsiparoum, nou ka pi fasil jwenn li pase yon CTA. Souvan, yo konn bay **primaquine** (paj 40) ansanm ak **chloroquine** (paj 38) pou fin geri malarya.

Medikaman malarya ki bon pou trete fanm ki gwo vant

Lè yon fanm ansent fè yon kriz malarya ki grav, se yon ka ijan ki mande pou trete nan yon lopital oubyen yon klinik; sèvi ak menm medikaman nou sèvi pou trete nenpòt lòt granmoun.

Pou trete malarya senp pandan premye 3 mwa gwosès la, sèvi ak **quinine** e **clindamycine** (kinin + klendamisin paj 42). Si rezilta analiz la fè konnen se parazit vivaks (vivax) ki bay malarya senp lan, oubyen si nou pa gen **clindamycine**, bay **quinine** sèl.

Pou trete malarya senp lè yon fanm gen tan pase 3èm mwa gwosès la, sèvi ak yon CTA oubyen ak lòt medikaman ki bay bon rezilta nan zòn pa nou. Pa gen danje pou fanm ansent pran **quinine**, **chloroquine**, **clindamycine** ak **proguanil**. Pa bay fanm ansent **primaquine**.

Nan kèk zòn, yo bay fanm ansent bwè **sulfadoxine + pyriméthamine** (paj 36); yo bay premye dòz nan 13èm senmenn gwosès la. Kontinye bay yon dòz chak mwa pandan tout gwosès la. Konsa yo bare parazit malarya a pou l pa ka donmaje ni gwosès la ni manman an.

Ti konsey ki pou tout medikaman malarya

Malarya ka bay vomisman. Si ou vomi anvan inèdtan pase depi ou te bwè medikaman an, bwè yon lòt dòz.

Pran medikaman malarya yo pou kantite jou nou gen pou pran yo, menm si nou santi nou refè. Fòk nou fè l pou nou ka touye tout parazit malarya. Si trètman an fè nou vomi, oubyen si li difisil pou bay yon timoun renmèd la, al pale ak yon ajan sante.

Menm si malad la gen tan kòmanse trètman an, toujou voye je pou wè si li pa bay siy ki montre danje, ki fè konnen li souffri ak malarya ki grav (paj 7), sitou timoun, epi fanm ki gwo vant oubyen ki fèk akouche.

Combinaison thérapeutique à base d'artémisinine, CTA

(konbinezon terapetik ki baze sou atemisinin)

Ki jan pou sèvi ak CTA yo

Genyen konbinezon kote yo mete 2 medikaman ansanm pou fè yon sèl grenn, ki gen yon dòz fiks. Oubyen yo bay grenn yo apa pou moun nan bwè 2 grenn nan menm tan.

- Si yon trètman pandan 3 jou ak yon CTA pa kwape kriz malarya a, eseye yon lòt CTA. Men, si lafyèv ak lòt siy yo tounen sou li apre 4 senmenn gen tan pase, se ka byen yon nouvo ka malarya.
- Nan zòn kote ki pa gen anpil ka malarya, otorite Sèvis Sante Piblik yo ka rekomande yon sèl dòz **primaquine** (paj 40) ansanm avèk yon trètman CTA pandan 3 jou.

Artémèther + luméfantrine (atemetè + limefantrin)

Nòmalmàn, nou jwenn **artémèther + luméfantrine** nan fòm yon konbinezon ki gen yon dòz fiks.

Nou sèvi avè l pou trete malarya falsiparoum senp, pou trete lòt kalite malarya, epi pou kontinye trètman apre nou fin bay trètman an ijans.

Pa sèvi ak CTA sa a pou evite pran malarya.

Efè segondè (efè ki pa ann afè ak trètman an epi ki ka bay traka)



Li ka bay anvì vomi, lestomak chaje, tèt vire, maltèt.

Atansyon ⚠

Si yon fanm pran malarya senp pandan premye 3 mwa gwosès la, kote nou ka jwenn yo, ba li **quinine** ak **clindamycine** (kinin, klendamisin) olye yon CTA.

Si ou gen pwoblèm kè, anvan ou kòmanse pran medikaman sa a, al pale ak yon ajan sante ki byen fòme.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bwè li ansanm ak gwo manje oubyen ak lèt. Grès ki nan manje a va ede medikaman an desann.

Nou jwenn yo nan grenn :

artémèther 20 mg + **luméfantrine** 120 mg

artémèther 40 mg + **luméfantrine** 240 mg

Pou trete malarya senp

Bay dòz la dapre pwa kò a.

→ Lè nou sèvi ak grenn ki gen **artémèther** 20 mg e **luméfantrine** 120 mg, bay :

5 - 14 kg : 1 grenn, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 jou

15 - 24 kg : 2 grenn, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 jou

25 - 34 kg : 3 grenn, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 jou

35 kg e plis : 4 grenn, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 jou

Artésunate + amodiaquine (atésinat + amodyakin)

Nou jwenn **Artésunate + amodiaquine** nan fòm yon konbinezon ki gen yon dòz fiks, oubyen nou ka bay chak grenn medikaman apa pou moun nan bwè yo nan menm tan.

Nou sèvi avè l pou trete malarya falsiparoum senp, pou trete lòt kalite malarya, epi pou kontinye trètman apre nou fin bay trètman an ijans.

Pa sèvi ak CTA sa a pou evite pran malarya.

Efè segondè

Li ka bay gratèl sou po, lestomak chaje, maltèt, tèt vire.

Atansyon

Si yon fanm pran malarya pandan premye 3 mwa gwosès la, kote nou ka jwenn yo, sèvi ak **quinine** e **clindamycine** (kinin, klendamisin) olye ak yon CTA.

Nenpòt moun ka p pran **zidovudine**, **efavirenz**, oubyen **cotrimoxazole** (zidovidin, efavirens, kotrimoksazòl) pa gen dwa pran CTA sa a.

Ki jan pou sèvi avè l

Nou jwenn yo nan grenn :

artésunate 25 mg + **amodiaquine** 67.5 mg

artésunate 50 mg + **amodiaquine** 135 mg

artésunate 100 mg + **amodiaquine** 270 mg

Pou trete malarya senp

Dòz dapre pwa kò malad la.

- ➔ Ak grenn **arthéméther** 25 mg + **amodiaquine** 67.5 mg, bay :
 - 4.5 – 8 kg** : 1 grenn nan yon jou, pandan 3 jou
 - 9 - 17 kg** : 2 grenn nan yon jou, pandan 3 jou
- ➔ Ak grenn artésunate 100 mg + amodiaquine 270 mg, bay :
 - 18 – 35 kg** : 1 grenn nan yon jou, pandan 3 jou
 - 36 kg e plis** : 2 grenn nan yon jou, pandan 3 jou

Artésunate + méfloquine (atesinat, meflokin)

Nou jwenn **artésunate** ak **méfloquine** nan fòm yon konbinezon ki gen yon dòz fiks, oubyen nou ka bay chak grenn medikaman apa pou moun nan bwè yo nan menm tan.

Nou sèvi avè l pou trete malarya falsiparoum senp, ak lòt kalite malarya.

Moun ka sèvi ak **méfloquine** pou kont li pou yo pa pran malarya lè yo soti nan yon zòn kote ki pa gen malarya pou yo al nan yon zòn kote ki genyen malarya.

Efè segondè

Lè nou sèvi avè l pou trete malarya, li ka bay tèt vire, lestomak chaje, maltèt, epi pwoblèm pou domi ak pou wè.

Artésunate + méfloquine ka fè fanm ansent soufri plis ak anvi vomi; konsa, si nou ka jwenn li, sèvi ak yon lòt **CTA**.

Atansyon 

Si yon fanm asant pran malarya senp pandan premye 3 mwa gwosès la, kote nou ka jwenn yo, sèvi ak **quinine** e **clindamycine** olye ak yon CTA.

Pa bay tibebe li ki poko rive nan laj 3 mwa, oubyen ki poko peze 5 kg.

Moun ki fè kriz, ki gen yon maladi mantal, oubyen ki gen pwoblèm ren ki grav, yo pa gen dwa sèvi ak **méfloquine**.

Si nou gen pwoblèm kè, anvan nou sèvi ak medikaman sa a, pale ak yon ajan sante ki gen bon jan fòmasyon.

Gen de lè **méfloquine** fè yon moun aji yon fason dwòl, tèt li bwouye, kè li sou biskèt, oubyen li pèdi konnesans. Si nou wè nenpòt nan siy sa yo, sispann bwè **méfloquine** touswit. Si yon moun konn gen yon reyaksyon konsa, si li ta pran maladi malarya yon lòt fwa, sèvi ak yon lòt kalite medikaman.

Ki jan pou nou sèvi avè l 

Bwè li ansanm ak manje.

Nou jwenn yo nan grenn :

Artésunate 25 mg + **méfloquine** 55 mg (pou timoun)

Artésunate 100 mg + **méfloquine** 220 mg (pou granmoun)

Pou trete malarya senp

Dòz dapre pwa kò malad la.

- Ak grenn **artésunate** 25 mg + **méfloquine** 55 mg, bay :
 - 5 – 8 kg** : 1 grenn nan yon jou, pandan 3 jou
 - 9 - 17 kg** : 2 grenn nan yon jou, pandan 3 jou
- Ak grenn **artésunate** 100 mg + **méfloquine** 220 mg, bay :
 - 18 – 29 kg** : 1 grenn nan yon jou, pandan 3 jou
 - 29 kg e plis** : 2 grenn nan yon jou, pandan 3 jou

Méfloquine (meflokin) pou evite pran malarya

Nou jwenn **méfloquine** nan grenn 250 mg

Pran yon dòz chak 8 jou; kòmanse sou 15 – 22 jou anvan nou vwayaje. Pran yon dòz chak 8 jou toutan nou la, epi pandan 4 senmenn apre nou kite zòn kote ki gen malarya a. **Méfloquine** dekonsèye pou tibebe ki poko peze 5 kg.

- Ak grenn 250 mg, bay :
 - 5 – 19 kg** : $\frac{1}{4}$, ka nan yon grenn (63 mg) yon fwa chak 8 jou
 - 20 – 29 kg** : $\frac{1}{2}$, mwatye nan yon grenn (125 mg) yon fwa chak 8 jou
 - 30 – 44 kg** : $\frac{3}{4}$, twaka nan yon grenn (188 mg) yon fwa chak 8 jou
 - 45 kg e plis** : 1 grenn (250 mg) yon fwa chak 8 jou

Artésunate ak sulfadoxine + pyriméthamine (atesinat, silfadoksin + pirimétamin)

Nou jwenn **sulfadoxine + pyriméthamine** nan grenn, nan fòm yon konbinezon ki gen yon dòz fiks. Yo sèvi avè l ansanm ak **artésunate** pou trete malarya falsiparoum senp, ak lòt kalite malarya.

Gen zòn kote trètman ak **sulfadoxine + pyriméthamine** pa bay rezilta ankò; konsa yo pa rekòmande l. Anvan nou sèvi avè l, mande konsèy bò kote otorite Sèvis Sante Piblik yo.

Nan peyi kote yo sèvi ak **sulfadoxine + pyriméthamine** pou anpeche fanm ansent fè malarya, yo kòmanse bay yon dòz chak mwa sou 13èm senmenn gwosès la (paj 36).

Efè segondè

Li ka bay lestomak chaje ak gratèl sou po.

Atansyon

Pou trete yon fanm ki gen malarya senp pandan premye 3 mwa gwosès li, kote nou ka jwenn yo, ba li **quinine** e **clindamycine** olye yon CTA.

Pou tibebe yo, sèvi ak yon lòt kalite CTA.

Pa pran **sulfadoxine + pyriméthamine** si nou deja ap pran **cotrimoxazole** (kotrimoksazòl).

Yon moun ki deja fè yon reyaksyon ak yon medikaman sulfa (silfa) pa gen dwa pran **sulfadoxine + pyriméthamine**. Si medkaman an ban nou yon gratèl, bwè anpil dlo epi pa sèvi avè l ankò.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Nou jwenn **sulfadoxine + pyriméthamine** nan fòm yon konbinezon ki gen diferan dòz nan chak medikaman ki ladann.

Pou trete malarya senp

CTA sa a se yon trètman 3 jou : sou jou 1, 2, ak 3, bay dòz **artésunate** la. An plis, sou premye jou, bay yon dòz **sulfadoxine + pyriméthamine**.

Dòz dapre pwa kò a.

- ➔ Ak grenn artésunate 50 mg, bay :
 - 5 kg - 9 kg** : ½, mwatye nan yon grenn, yon fwa nan yon jou, pandan 3 jou
 - 10 kg - 24 kg** : 1 grenn, 1 fwa nan yon jou, pandan 3 jou
 - 25 kg - 50 kg** : 2 grenn, 1 fwa nan yon jou, pandan 3 jou
 - 50 kg e plis** : 4 grenn, 1 fwa nan yon jou, pandan 3 jou
- ➔ Mete sou sa, ak grenn **sulfadoxine** 500 mg + **pyriméthamine** 25 mg, bay :
 - 5 kg - 9 kg** : ½, mwatye nan yon grenn, premye jou sèlman
 - 10 kg - 24 kg** : 1 grenn, premye jou sèlman
 - 25 kg - 50 kg** : 2 grenn, premye jou sèlman
 - 50 kg e plis** : 3 grenn, premye jou sèlman

Fanm ansent k ap pran CTA sa a gen dwa kontinye pran **acide folique** (asid folik) 0,4 mg nan yon jou (400 mcg), men pa plis. Si yo pran twòp, sa pa ale ak medikaman malarya yo.

Sulfadoxine + pyriméthamine (silfadoksin + pirimétamin) sèvi pou anpeche fanm ansent pran malarya

Nan kèk peyi nan Lafrik, yo bay tout fanm ansent yon dòz **sulfadoxine + pyriméthamine** chak mwa, paske malarya si kouran la, epi li se yon gwo danje pou manman ak pou tibebe k ap devlope. Lè yon fanm rive sou 13èm senmenn gwosès la, yo kòmanse ba li yon dòz chak mwa. An plis, moustikè yo (paj 20) pwoteje fanm pandan gwosès la epi apre yo akouche, pou yo pa pran malarya.

- Grenn ki gen **sulfadoxine** 500 mg ak **pyriméthamine** 25 mg :
- Pandan 13èm - 16èm senmenn gwosès la, bay premye dòz 3 grenn. Yon mwa apre, bay yon 2èm dòz 3 grenn. Yon lòt mwa pi devan, bay yon 3èm dòz. Bay menm dòz la chak mwa jis li rive sou 6 dòz oubyen jis tibebe a fèt. Toujou tann yon mwa pou pi piti anvan nou bay yon lòt dòz.

Gen de fanm ansent ki ka gen pwoblèm anvi vomi, vomisman, ak tèt vire lè yo bwè **sulfadoxine + pyriméthamine**, sitou ak premye dòz la.

An plis, fanm ansent yo gen pou yo pran **fer** (fè) ak **acide folique** (asid folik) pou tibebe a ka rete an sante, epi pou evite anemi. Si y ap pran **sulfadoxine + pyriméthamine** chak mwa pou evite pran malarya, yo gen pou pran **acide folique** 0,4 mg (400 mcg) chak jou, men pa plis. Si yo pran twòp, sa ka pa ale ak medikaman malarya yo.

Dihydroartémisinine + pipéraquline**(diyidwo-atemisinin + piperakin)**

Nou jwenn **dihydroartémisinine + pipéraquline** nan fòm yon konbinezon ki gen yon dòz fiks.

Li sèvi pou trete malarya falsiparoum senp, lòt kalite malarya, epi pou kontinye trètman apre nou fin bay trètman an ijans.

Pa sèvi ak CTA sa a pou evite pran malarya.

Efè segondè 


Li ka fè kè a bat twò vit, bay lestomak chaje, ak gratèl.

Atansyon 

Si yon fanm pran malarya senp pandan premye 3 mwa gwosès la, kote nou ka jwenn yo, sèvi ak **quinine** e **clindamycine** (kinin, klendamisin) olye ak yon CTA.

Yon moun k ap pran **erythromycine** (eritwomisin) pa gen dwa sèvi avè l.

Pran prekosyon si se yon moun ki rive nan laj 60 ane oubyen plis, yon moun ki gen VIH/SIDA k ap swiv trètman antiretrowiro, oubyen yon moun ki gen pwoblèm kè, ren, oubyen fwa.

Ki jan pou nou sèvi avè l 

Bwè li ak yon gwo vè dlo, 2 èdtan anvan oubyen apre nou manje gwo manje. Pa bwè li ansanm ak lèt oubyen ak manje ki gen grès ladann, paske sa ap chanje nan jan medikaman yo dwe aji nan kò a.

Nou jwenn yo nan grenn :

dihydroartémisinine 20 mg + **pipéraquline** 160 mg (pou timoun)

dihydroartémisinine 40 mg + **pipéraquline** 320 mg (pou granmoun)

Timoun ki poko peze 25 kg : bay yon dòz **dihydroartémisinine** 2.5 mg + **pipéraquine** 20 mg pou chak kilogram pwa a. Dòz pou chak kilogram pwa a pi gwo pase dòz yo bay timoun ki pi gran ak granmoun yo.

Pou trete malarya senp

Dòz dapre pwa kò a.

- Ak grenn **dihydroartémisinine** 20 mg + **pipéraquine** 160 mg, bay :
 - 5 kg - 7 kg** : 1 grenn chak jou, pandan 3 jou
 - 8 kg - 10 kg** : 1 ½, yon grenn ak mwaye nan yon grenn chak jou, pandan 3 jou
- Ak grenn **dihydroartémisinine** 40 mg + **pipéraquine** 320 mg, bay :
 - 11 kg - 16 kg** : 1 grenn chak jou, pandan 3 jou
 - 17 kg - 24 kg** : 1 ½, yon grenn ak mwaye nan yon grenn chak jou, pandan 3 jou
 - 25 kg - 35 kg** : 2 grenn chak jou, pandan 3 jou
 - 36 kg - 59 kg** : 3 grenn chak jou, pandan 3 jou
 - 60 kg - 79 kg** : 4 grenn chak jou, pandan 3 jou
 - 80 kg e plis** : 5 grenn chak jou, pandan 3 jou

Artésunate (atesinat)

Artésunate sòti nan fanmi **artémisinine** (atemisinin). Pou trete malarya falsiparoum senp, sèvi ak **artésunate** nan fòm yon konbinezon ak youn nan medikaman sa yo : **amodiaquine** (paj 32), **méfloquine** (paj 33), oubyen **sulfadoxine + pyriméthamine** (paj 35). Yo rele sa **combinaison thérapeutique à base d'artémisinine, CTA** (konbinezon terapetik ki baze sou atemisinin, paj 31).

Pou trete malarya ki grav, ki mande pou jwenn swen prese prese, ajan sante yo sèvi ak piki **artésunate** nan venn (IV) oubyen nan vyann (IM). Lè yo fin fè trètman sa a pandan 24 èdtan pou pi piti, epi lè malad la sispann vomi, li gen pou swiv yon CTA, ak grenn nan bouch, pandan 3 jou.

Ajan sante yo ki gen bon jan fòmasyon gen pou bay piki **artésunate** pou trete granmoun ak timoun anvan yo voye yo al nan yon lopital ki lwen. Epitou, nou jwenn **artésunate** nan fòm sipozitwa (paj 38) ki pou mete nan twou dèyè yon timoun ki poko gen 6 ane, lè yo nan wout pou al lopital.

Pa sèvi ak **artésunate** pou evite pran malarya.

Efè segondè

Artésunate ka bay tèt vire, maltèt, ak lestomak chaje.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou trete malarya falsiparoum senp, bay li ansanm ak yon lòt medikaman ki fè pati yon CTA.

Nou jwenn **artésunate** nan fòm grenn ki gen 50 mg. Al gade nan paj 35 pou konnen ki dòz **artésunate** pou nou bay ansanm ak **sulfadoxine + pyriméthamine** (silfadoksin + pirimetamin) ki fè pati yon CTA. Pou lòt CTA yo, yo mete **artésunate** nan menm grenn ak lòt medikaman an, oubyen yo bay grenn yo apa pou moun nan bwè 2 grenn nan menm tan.

Ki jan pou nou sèvi ak sipozitwa artésunate pou timoun ki gen malarya ki grav :

Lè yon timoun ki gen 6 ane oubyen ki pi jenn bay siy malarya ki grav, l ap vomi, epi nou lwen ak yon sant sante kote yo ta kapab trete malarya ak piki **artésunate** nan venn (IV) oubyen nan vyann (IM), nou gen dwa sèvi ak kapsil jelatin **artésunate** (yo rele yo sipozitwa) nan twou dèyè a pandan nou nan wout pou chache sekou. Sa ka sove lavi pitit la. Lè nou fin mete kapsil la nan twou dèyè a, sere fès li pou 10 minit, pou pa kite kapsil la soti. Si li soti anvan 10 minit fin pase, ba li yon lòt dòz.

Si timoun nan peze 5 – 10 kg, ba li yon sipozitwa 100 mg. Si li peze 10 kg oubyen plis, bay 2 sipozitwa 100 mg. Si yon tibebe poko peze 5 kg, epi nou genyen sipozitwa 50 mg, ba li yon sèl.

Trètman an ijans pa p geri malarya. Fòk yon ajan sante ki byen fòme ba li lòt trètman toujou.

Lòt medikaman ki bon pou trete malarya

Chloroquine (klowokin)

Prèske tout kote nan lemond koulye a, malarya kenbe tèt ak **chloroquine**. Chache konnen ki medikaman ki pi bon nan zòn pa nou. Si nou pa ka konnen ak ki kalite malarya malad la ap souffri, li pi bon pou ba li yon CTA.

Lè nou trete malarya ak **chloroquine**, nou gen pou mete **primaquine** (primakin, paj 40) sou sa pou anpeche malarya tounen sou malad la.

Genyen kèk peyi kote **chloroquine** toujou bay bon rezilta; la nou ka sèvi ak **chloroquine** pou kont li pou evite pran malarya. Nan peyi kote malarya pa twò rezistan, gen de fwa yo bay **chloroquine** ansanm ak **proguanil** (pwoganil, paj 41) pou evite pran malarya.

Pa gen danje pou fanm ansent ak fanm k ap bay tete pou yo sèvi avè l pou trete ak pou evite pran malarya, sa vle di toulede.

Efè segondè

Li ka bay ti tèt vire, anvi vomi, vomisman, vant fè mal, gratèl.

Atansyon

Se gwo danje, sitou pou timoun, si nou bay yon dòz ki twò gwo.

Pa sèvi avè l pou youn moun ki konn fè kriz.

Pran prekosyon si se yon moun ki gen dyabèt.

Ki jan pou nou sèvi l avè l

Bwè li ansanm ak manje.

Nou jwenn **chloroquine** nan 2 fòm, **phosphate de chloroquine** ak **sulfate de chloroquine** (fosfat klowokin, silfat klowokin). Yo rele pati ki aktif nan medikaman an **chloroquine** senp.

Dòz dapre pwa kò a. Dòz total **chloroquine** senp pou nou bay pandan 3 jou se 25 mg pou chak kilogram pwa malad la, jan nou ekri anba :

- ➔ 1è jou : **chloroquine** senp 10 mg pou chak kg
- 2èm jou : **chloroquine** senp 10 mg pou chak kg
- 3èm jou : **chloroquine** senp 5 mg pou chak kg

Nòmalman, nou jwenn **phosphate de chloroquine** nan grenn ki gen 250 mg (ki fè 150 mg **chloroquine** senp).

Nòmalman, nou jwenn **sulfate de chloroquine** nan grenn ki gen 200 mg (ki fè 155 mg **chloroquine** senp)

Veye pou nou konnen ki kalite **chloroquine** nou genyen, epi ki kantite **chloroquine** senp ki ladann.

Pou trete malarya senp ki pa rezistan ak chloroquine

Sèvi ak grenn **phosphate de chloroquine** 250 mg (**chloroquine** senp 150 mg) OUBYEN grenn **sulfate de chloroquine** 200 mg (**chloroquine** senp 155 mg) :

- ➔ Bay yon dòz sou 1è jou a epi yon lòt dòz sou 2èm jou :
 - Pi piti pase 8 kg** : ½, mwatye nan yon grenn
 - 8 kg - 15 kg** : 1 grenn
 - 16 kg - 30 kg** : 2 grenn
 - 31 kg - 45 kg** : 3 grenn
 - 46 kg epi pi gran** : 4 grenn
- ➔ Sou 3èm jou, bay mwatye nan dòz nou te bay sou 1è jou :
 - Pi piti pase 8 kg** : ¼, ka nan yon grenn
 - 8 kg - 15 kg** : ½, mwatye nan yon grenn
 - 16 kg - 30 kg** : 1 grenn
 - 31 kg - 44 kg** : 1 ½, yon grenn ak mwatye nan yon grenn
 - 46 kg epi pi gran** : 2 grenn

Pou evite pran malarya vivaks kote li pa rezistan ak chloroquine

Pou evite pran malarya, bwè **chloroquine** yon fwa chak 8 jou; kòmanse 8 oubyen 15 jou anvan nou vwayaje. Toujou pran yon dòz chak 8 jou toutan nou la, epi pandan 4 senmenn apre nou kite zòn kote ki gen malarya a. Sèvi ak dòz ki ekri anwo a. Pa egzanp, granmoun gen pou pran 2 grenn **phosphate de chloroquine** ki gen 150 mg **chloroquine** senp, oubyen 2 grenn **sulfate de chloroquine** ki gen **chloroquine** senp 155 mg.

Pou evite pran malarya falsiparoum kote ki gen yon rezistans fèb ak chloroquine

Pou moun ki vwayaje al nan peyi kote malarya gen yon rezistans fèb ak **chloroquine**, men medikaman ap bay rezilta toujou, moun gen pou pran **chloroquine** yon fwa chak 8 jou, ansanm ak **proguanil** (pwoguanil) yon fwa nan yon jou pou yo pa pran malarya. Kòmanse pran toulede medikaman yo 8 jou anvan nou pati. Toujou pran yon dòz chak 8 jou pandan nou la, epi pandan 4 senmenn apre nou kite zòn kote ki gen malarya. Bwè **chloroquine** nan menm jou nan senmenn nan, epi toujou bwè **proguanil** nan menm lè nan jounen an. Bwè yo ansanm ak manje.

- Sèvi ak grenn **chloroquine** ki gen **chloroquine** senp 155 mg oubyen 150 mg, ansanm ak grenn **proguanil** ki gen **chlorhydrate de proguanil** (klòyidrat pwoguanil) 100 mg :
 - 1 - 4 ane** : ½, mwatye nan yon grenn **proguanil** chak jou, epi mwatye nan yon grenn **chloroquine** chak 8 jou
 - 5 - 8 ane** : 1 grenn **proguanil** chak jou, epi 1 grenn **chloroquine** chak 8 jou
 - 9 - 14 ane** : 1 ½, yon grenn ak mwatye nan yon grenn **proguanil** chak jou, epi 1 ½ yon grenn ak mwatye nan yon grenn **chloroquine** chak 8 jou
 - 15 ane e pi gran** : 2 grenn **proguanil** chak jou epi 2 grenn **chloroquine** chak 8 jou

Primaquine (primakin)

Si se yon kalite malarya ki pa falsiparoum, nou ka sèvi ak **primaquine** pandan 14 jou ansanm ak **chloroquine** oubyen touswit apre trètman **chloroquine** nan fini, pou evite lafyèv malarya ki pa falsiparoum tounen sou yon moun.

Genyen zòn kote yo trete malarya falsiparoum ak yon CTA pandan 3 jou. Sou premye jou a, yo bay yon sèl dòz **primaquine**. Sa ede nan anpeche malarya falsiparoum gaye.

Atansyon 


Fanm ansent ak fanm k ap bay tete epi tibebe a poko rive nan laj 6 mwa, yo pa gen dwa pran **primaquine**.

Nomalman, nou pa bay timoun **primaquine** si yo poko rive nan laj 1 ane.

Genyen moun k ap soufri ak yon maladi san ki rele defisyans G6PD (favism – yon maladi jenetik); se yon ajan sante ki gen bon jan fòmasyon ki pou preski yon dòz ki pi piti; malad la gen pou pran ti dòz **primaquine** sa a pandan plizyè senmenn.

Efè segondè 

Lestomak chaje ak vant fè mal.

Ki jan pou nou sèvi avè l 

Bwè ansanm ak manje.

Nou konn jwenn **primaquine** nan fòm **phosphate de primaquine**. Grenn yo konn gen 15 mg **primaquine** senp, sa vle di pati aktif ki nan medkaman an.

Pou malarya falsiparoum pa tounen sou yon moun, bay li ansanm ak chloroquine oubyen touswit apre trètman chloroquine nan fini

Bay dòz la dapre pwa timoun nan oubyen, si pa gen balans, bay dòz dapre laj li.

- Ak grenn ki gen chloroquine senp 15 mg, bay :
 - 10 kg - 24 kg (3 - 7 ane)** : ¼, ka nan yon grenn chak jou, pandan 14 jou
 - 25 kg - 49 kg (8 - 11 ane)** : ½, mwatye nan yon grenn chak jou, pandan 14 jou
 - 50 kg e plis (12 ane e pi gran)** : 1 grenn chak jou, pandan 14 jou

Pou anpeche malarya falsiparoum gaye kote nou pa jwenn li fasil

Gen de zòn kote yo rekòmande ajoute yon sèl dòz **primaquine** sou yon CTA pou anpeche malarya gaye.

- ➔ Sou premye jou nan yon CTA ki dire 3 jou, sèvi ak grenn ki gen **primaquine** senp 15 mg; bay :
 - 10 kg - 24 kg (3 - 7 ane)** : ¼, ka nan yon grenn, yon sèl dòz
 - 25 kg - 49 kg (8 - 11 ane)** : ½, mwatye nan yon grenn, yon sèl dòz
 - 50 kg e plis (12 ane e pi gran)** : 1 grenn, yon sèl dòz

Proguanil ak atovaquone + proguanil

(pwoguanil, atovakòn)

Se moun ki vwayaje ki konn sèvi ak **proguanil** pou evite pran malarya. Toujou sèvi ak yon lòt medikaman ansanm ak **proguanil**.

Efè segondè

Li ka bay maltèt, tous, dyare, ak ti lestomak chaje.

Atansyon ⚠

Moun ki gen maladi ren ki grav pa gen dwa sèvi avè l.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bwè li ansanm ak manje.

Yo bay **proguanil** ansanm ak **chloroquine** (paj 40) pou evite pran malarya nan yon zòn kote ki gen yon rezistans fèb ak **chloroquine**.

Nou jwenn **atovaquone** ak **proguanil** nan fòm yon konbinezon ki gen yon dòz fiks. Li sèvi sitou pou evite pran malarya. Men, nan peyi kote CTA yo ak lòt medikaman pa ka konbat malarya ankò, gen de fwa yo sèvi avè l ansanm ak **artésunate** e **primaquine** pou trete malarya.

Nou jwenn yo nan grenn :

atovaquone 62.5 mg + **proguanil** 25 mg (pou timoun)

atovaquone 250 mg + **proguanil** 100 mg (pou granmoun)

Pou evite pran malarya

Granmoun ak timoun toude gen pou pran yon dòz chak jou; kòmanse 1 oubyen 2 jou anvan nou vwayaje. Toujou pran yon dòz chak jou pandan nou la, epi pandan 7 jou apre nou kite zòn kote ki gen malarya.

- ➔ Ak grenn pou timoun ki gen **atovaquone** 62.5 mg + **proguanil** 25 mg, bay:
 - 5 kg - 7 kg** : ½, mwatye nan yon grenn chak jou
 - 8 kg - 9 kg** : ¾, twaka nan yon grenn chak jou
 - 10 kg - 19 kg** : 1 grenn chak jou
 - 20 kg - 29 kg** : 2 grenn chak jou
 - 30 kg - 39 kg** : 3 grenn chak jou
 - 40 kg e plis** : 4 grenn ki pou timoun chak jou OUBYEN 1 grenn ki pou granmoun nan yon jou

Quinine, nan piki (kinin)

Malarya ki grav mande pou jwenn swen prese prese. Gen de fwa yo bay yon piki **quinine** nan vyann pou trete yon moun anvan yo voye l al lopital. Se sèlman yon ajan sante ki byen fòme ki gen dwa bay piki **quinine**. Li dwe konnen bon dòz pou li bay la, epi ki jan pou bay li. Si se yon timoun ki malad grav epi nou pa gen **artésunate** (atesinat) nan piki, li pi bon pou nou sèvi ak sipozitwa **artésunate** olye **quinine** pandan nou nan wout pou al chache sekou (paj 39).

Sulfate de quinine, nan fòm grenn

Yo sèvi ak grenn **quinine** nan bouch pou trete malarya senp kote **chloroquine** (klowokin) pa bon ankò. Pou fanm nan premye 3 mwa gwosès yo, sèvi ak **quinine** e **clindamycine** (klendamisin), sa vle di toulede, pou trete malarya falsiparoum. Pou trete malarya vivaks ki kenbe tèt ak **chloroquine**, sèvi ak **quinine** pou kont li.

Si pa gen yon CTA, gen de fwa nou ka sèvi ak yon konbinezon **quinine** e **clindamycine** oubyen **doxycycline** (doksisiklin) pou fin trete moun malad la apre nou ba li swen an ijans pou malarya ki grav. Pa sèvi ak **quinine** pou evite pran malarya.

Efè segondè

Gen de fwa **quinine** fè yon moun swe, fè zòrèy li kònen, oubyen fè li pa ka tandè byen; li ka wè twoub, tèt li vire, li gen anvè vomè ak vomisman, epi dyare.

Si malad la ap vomè **quinine** la, yon medikaman, tankou **prométhazine** (pwometazin), ka bon pou kalme vomisman an.

Atansyon

Si yo moun pran twòp **quinine**, gen danje nan sa. **Quinine** ka fè kantite sik ki nan san an bese twòp. Si nou wè siy ki montre danje, tankou tèt li vire, tèt li gaye, li pèdi konnesans, oubyen kè a pran bat twò lantman, chache konkou doktè.

Si n ap pran **chloroquine** (klowokin) oubyen **mefloquine** (meflokin), pa sèvi ak quinine.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Trete malad la ak **quinine** pandan 3 oubyen 7 jou, dapre zòn kote nou rete a. Li ka mande pou trete ak **clindamycine** oubyen **doxycycline** tou.

Sulfate de quinine, hydrochloride de quinine, ak dihydrochloride de quinine (silfat kinin, idwoklorid kinin, diyidwoklorid kinin), nou jwenn yo nan grenn 300 mg, epi yo tout gen menm dòz la. Lè nou bay li dapre pwa yon moun, bon dòz la se **quinine** 10 mg pou chak kilogram, 3 fwa nan yon jou. Men **bisulfate de quinine** (bisilfat kinin) gen yon lòt dòz : 14 mg pou chak kilogram, 3 fwa nan yon jou.

Pou trete malarya falsiparoum senp ki rezistan ak chloroquine

Dapre zòn kote nou rete a, trètman an ap pran 3 jou oubyen 7 jou.

Dòz dapre pwa kò a.

- Ak grenn **sulfate de quinine, hydrochloride de quinine**, epi **dihydrochloride de quinine** 300 mg, bay :
 - 7 - 11 kg** : ¼, ka nan yon grenn, 3 fwa nan yon jou
 - 12 - 24 kg** : ½, mwatye nan yon grenn, 3 fwa nan yon jou
 - 25 - 34 kg** : 1 grenn, 3 fwa nan yon jou
 - 35 - 49 kg** : 1 ½, yon grenn ak mwatye nan yon grenn, 3 fwa nan yon jou
 - 50 kg e plis** : 2 grenn, 3 fwa nan yon jou

An plis, bay **clindamycine** oubyen **doxycycline** (klendamisin, doksisisiklin) pandan 7 jou. Konte 2 oubyen 3 jou depi jou li te kòmanse bwè quinine. Lè sa a, li gen dwa kòmanse bwè lòt medikaman an san li pa vomi. Pou konnen dòz **doxycycline**, al gade anba (nan paj 44).

Dòz **clindamycine** se 20 mg chak jou pou chak kilogram pwa kò a, separe an 2 dòz, dapre dòz ki nan kapsil la.

- Lè nou sèvi ak kapsil **clindamycine** 150 mg, bay :
 - 10 - 19 kg** : 1 kapsil (150 mg), 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou
 - 20 - 29 kg** : 2 kapsil (300 mg), 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou
 - 30 - 44 kg** : 3 kapsil (450 mg), 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou
- Lè nou sèvi ak kapsil **clindamycine** 300 mg, bay :
 - 45 kg e plis** : 2 kapsil (600 mg) 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou

Atansyon

Si yon moun kòmanse watè dlo oubyen si watè a gen san ladann, se pou li sispann bwè **clindamycine** touswit.

Paske medikaman an ka pase nan lèt manman an pou rive jwenn tibebe a, fanm k ap bay tete pa gen dwa pran **clindamycine**.

Pa bwè anti-asid yo pandan 2 èdtan anvan ak apre nou bwè **clindamycine**. Yo fè medikaman an pèdi fòs li.

Pou trete malarya vivaks senp ki kenbe tèt ak chloroquine (klowokin)

- Sèvi ak **sulfate de quinine** (silfat kinin), mete sou sa, **clindamycine** oubyen **doxycycline** (doksisisiklin), menm jan ak pou trète malarya falsiparoum ki kenbe tèt ak **chloroquine** (al gade anwo). Lè trètman sa a fini, bay **primaquine** (paj 40) pandan 14 jou. Men pa bay fanm ansent **primaquine**.

Doxycycline (doksisiklin)

Doxycycline se yon antibyotik ki bon pou trete anpil pwoblèm. Nou ka sèvi avè l ansanm ak **quinine** (kinin) pou trete malarya. **Doxycycline** sèvi tou pou evite pran malarya lè moun ap vwayaje.

Efè segondè

Li fasil bay lestomak boule, lakranp nan vant, dyare, ak enfeksyon chanpiyon.

Atansyon

Fanm ansent ak timoun ki poko gen 8 ane pa gen dwa pran **doxycycline** ak **tétracycline** (tétrasyiklin), paske medikaman sa yo ka donmaje oubyen dekolore dan ak zo yo.

Pran prekosyon si moun nan gen maladi ren, maladi fwa, maladi vant oubyen asid.

Pa pran remèd **fer** (fè) ak anti-asid pou dezèdtan anvan ak apre nou bwè **doxycycline**. Y ap fè medikaman pèdi fòs li.

Pou evite kout solèy ak gratèl sou po pandan na p pran **doxycycline**, evite soti anba gwo solèy.

Medikaman sa a ka fè grenn planin pèdi efikasite li. Si gen posiblite, sèvi ak yon lòt metòd (tankou kapòt) pandan n ap pran medikaman sa a.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bwè **doxycycline** ak tout yon vè dlo. Si li deranje lestomak ou, bwè li ansanm ak manje.

Ki jan pou sèvi avè l pou trete malarya senp ki rezistan ak chloroquine

→ Pou trete malarya falsiparoum senp, konte 1 oubyen 2 jou depi yon moun te kòmanse bwè quinine; lè sa a li dwe kòmanse bwè lòt medikaman an, oubyen kou li ka bwè l san li pa vomi.

Timoun ki pi gran pase 8 ane men ki poko peze 40 kg : 50 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou

Timoun ki peze plis pase 40 kg epi granmoun : 100 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Mete sou sa, bay **quinine** (paj 43).

Pou sèvi avè l ansanm ak quinine pou trete malarya vivaks senp

→ Bay **doxycycline** ak **quinine** jan nou di anwo a, epi touswit aprè trètman sa a fini, bay **primaquine** (primakin) pandan 14 jou (paj 40).

Pou evite pran malarya lè moun ap vwayaje al nan zòn kote ki gen malarya

→ Timoun ak granmoun toude dwe kòmanse pran yon dòz **doxycycline** nan yon jou, youn oubyen 2 jou anvan yo vwayaje. Toujou pran yon dòz nan yon jou pandan nou la, epi pandan 28 jou apre nou kite zòn kote ki gen malarya a.

Timoun ki pi gran pase 8 ane men ki poko peze 40 kg : 50 mg, 1 fwa nan yon jou.

Timoun ki peze plis pase 40 kg ak granmoun : 100 mg, 1 fwa nan yon jou.